УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

№3 (13865)

Черкес хэку

2024 гъэ, щIышылэм (январым) и 18, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIушIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр сомИ 3-щ

ЗэIущIэ

ЗэхущытыкIэхэм зрагъэубгъу

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ Донецк ЦIыхубэ Республикэм и лIыщхьэ Пушилин Денисрэ иджы дыдэ щызэIущIам къыхагъэщащ ди хэгъуэгуитIым тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр зэраIэр. Ахэр нэхъри нэхъыфI щIынымкIэ, зэрызрагъэубгъунымкIэ зэгурыIуахэщ.

«Сыт щыгъуи дыхьэзырщ Донецк ЦIыхубэ Республикэм щыщ сабийхэм ди хэгъуэгум зыщагъэпсэхуну къедгъэблэгъэну. Абы и щыхьэт лъапIэщ ди зэпыщIэныгъэхэр зэрыбыдэр», — къыхигъэщащ ди республикэм и Iэтащхьэм.

ФIыщIэ ин хуищIащ Пушилин Денис СВО-м хэт, ди республикэм икIа къулыкъущIэхэр и нэIэм зэрыщIигъэтым папщIэ.

«Си фIэщ мэхъу, дяпэкIи ДНР-мрэ Къэрэшей-Черкесымрэ ди зэпыщIэныгъэм зэрызиужьынур, ди республикэм щыпсэухэм я щыIэкIэ-псэукIэр ефIэкIуэным ар сэбэп зэрыхуэхъунур, ди граждан зэлъыкъуэтыныгъэр, ди Хэку иным — Урысейм, лъабжьэ быдэ зэрыхуэхъунур!» — къыщIигъужащ ди республикэм и лIыщхьэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Хъуэхъу псалъэ

КъыщагъэщIа Махуэм

Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэгъуэгум щыпсэухэм яхъуэхъуащ Къэрэшей-Черкес автоном областыр къыщагъэщIа махуэмкIэ.

«Нобэ ди хэку цIыкIумкIэ тхыдэ къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэм и махуэщ. 1922 гъэм щIышылэм и 12-м, илъэси 102-кIэ узэIэбэкIыжмэ, къагъэщIауэ щытащ Къэрэшей-Черкес автоном областыр.

Лъэпкъ куэду зэхэт ди республикэ телъыджэр — тегъэчынауэ зызыужьщ, Урысей уардэм и хэгъуэгущ. Ар къыщагъэщIам и псыпэм щыта, и зыужьыныгъэм гуащIэшхуэ езыхьэлIа ди адэхэм, адэшхуэхэм я фIыщIэ ин хэлъщ нобэ дгъуэта зыужьыныгъэм. Къэрэшей-Черкесым щопсэу псэ быдагъ зыхэлъ, зэчифIэ, гуащIафIэ цIыху лъэрыхьхэр. Ахэр сыт щыгъуи хуэхьэзырщ я унэр, я щIыгур ирагъэфIэкIуэнымрэ ягъэбэгъуэнымрэ. Дэ делIалIэу дохъумэ блэкIам и фэеплъыр, пщIэ худощI тхыдэм, хабзэм, ахэр щIэблэкIэрэ зэIэпыдох.

БлэкIа илъэсхэм къахэнащ текIуэныгъэхэмрэ цIэхэмрэ. Ахэр гъунэжщ. Ноби ди мащIэкъым апхуэдэхэр: ди хэкуэгъухэр, лъэпкъэгъухэр хахуэу хэтщ СВО-м, зэуапIэхэм Iутщ хъыжьэу, зэгуэр я адэжьхэм зэращIэу щытам хуэдэу, къэралым и хуитыныгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ щIозэу.

Си хэкуэгъу лъапIэхэ! Урысейм и Президентым и унафэм тету илъэситкIэ узэIэбэкIыжмэ дгъэлъэпIащ республикэм и илъэси 100 ныбжьыр. АдэкIи докIуатэ. Лъэпкъым и Пашэм и дэIэпыкъуныгъэм и фIыщIэкIэ, ди хэгъуэгум и къалэхэм я мызакъуэу, къуажэ, жылагъуэ къэс зеужь, инфраструктурэр, промышленностыр, социальнэ къудамэр йофIакIуэ. ПроектыщIэхэр щыпхыдогъэкI егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ, спорт, къинэмыщI къудамэхэми.

Си гум къыбгъэдэкIыу сывохъуэхъу махуэщI хъарзынэм и щIыхькIэ! Къэрэшей-Черкесым щыпсэу дэтхэнэми сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, зэIуэзэпэщыныгъэрэ ехъулIэныгъэ инхэмрэ иIэну, ди республикэм, Хэкум я фIыгъуэм хуиунэтIыну!» — телеграм-канал напэкIуэцIым щитхащ Темрезов Рэшид.

Ди корр.

СВО

«Защитники Отечества» Фондым и Къэрэшей-Черкес къудамэм и хэщIапIэм республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид щаIущIащ СВО-м зауэлI къалэнхэр зыгъэзащIэу хэкIуэда щIалэхэм я Iыхьлыхэм.

Гулъытэ хуэныкъуэхэм

ЗэIущIэм хэтащ КъЧР-м гуащIэдэкIымрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэкIэ и министр Камурзаевэ Динарэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шаманов Казим, «Защитники Отечества» Фондым и хэгъуэгу къудамэм и унафэщI Абазалиев Марат, Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я Комитетым и къудамэу КъЧР-м щыIэм и унафэщI Анушко Аидэ сымэ.

Хэгъуэгум и лIыщхьэм зэIущIэр иригъэжьащ унагъуэхэм я щIалэхэр зэрафIэкIуэдар игу къызэреуэр къыхигъэщкIэрэ. ИкIи фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ къуэхэр – лIыхъужьхэр, хэкупсэхэр – зыгъэсэфа адэ-анэхэм.

«Фи къуэхэр, щхьэгъусэхэр – Хэкум папщIэ зи псэр зыта лIыхъужь нэсхэщ. СВО-м щыIэ ди щIалэхэм ящыщ куэд си цIыхугъэщ, си нэIуасэщ. Абыхэм частхэм деж, нэгъуэщI щIыпIэхэм саIущIащ, абы къыхэкIыу сощIэ абыхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ зэрахэлъыр.

ХэкIуэда зауэлIхэм я унагъуэхэм яцIыхуну сыхуейщ ди гулъытэрэ щIэгъэкъуэнрэ зэрыщыдмыгъэщIэнур.

Федеральнэ властым къыбгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэхэм къанэмыщIауэ, ди республикэми зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ щIэгъэкъуэн зэрахуэхъун Iэмалхэр къызэрегъэпэщ.

Ди гум зэи ихунукъым къэралыр яхъумэкIэрэ зи гъащIэр зыта ди хэкуэгъухэр. Я фэеплъыр тхъумэн папщIэ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр едгъэкIуэкIынущ, ахэр щапхъэщ ди щIэблэр хэкупсэу дгъэсэнымкIи! Республикэр и лIыхъужьхэм ирогушхуэ!» — жиIащ Темрезов Рэшид.

ЗэIущIэм ипкъ иту, СВО-м хэтахэм я унагъуэхэр зыпэщIэхуэ лъэпощхьэпохэм ирипсэлъащ. Хэгъуэгум и лIыщхьэм унагъуэхэр къигъэгугъащ зэпсэлъэныгъэм ипкъ иту къаIэта упщIэхэр езым и нэIэм зэрыщIигъэтынымкIэ, ахэр икIэщIыпIэкIэ зэрызэфIагъэкIынымкIэ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

«Белгород, дигухэр — фщIыгъущ!»

«Россия» Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым ипкъ иту, щIышылэм и 11-м хэгъуэгум и Махуэ – Белгород областым и Махуэ — щекIуэкIащ. Къэрэшей-Черкесыр, къэралым и нэгъуэщI хэгъуэгухэм хуэдэуи, Белгородым щыпсэухэм щIэгъэкъуэн зэрахуэхъур къагъэлъагъуэу, «Белгород, наши сердца – с вами!» къыхуеджэныгъэр хэгъуэгум и стендым щытрадзащ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Украинэм и къару Узэдахэм топышэхэр Белгород трагъэщащэ зэпыт.

КъинэмыщIауэ, гъэлъэгъуэныгъэм и унафэщIхэр, форумым еблэгъа хьэщIэхэри Белгородщинэм псэкIэ зэрыщIыгъур къагъэлъагъуэу удз гъэгъахэмрэ (тюльпан) гум и теплъэу щIа открыткэхэмрэ белгород стендым ирахьэлIащ. Акцэм и къызэгъэпэщакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, тюльпанхэр къыщIыхахам и щхьэусыгъуэр – ахэр лъагъуныгъэмрэ насыпымрэ я дамыгъэу зэрыщытращ.

«ФIыщIэ яхузощI нобэ ди стендым къеблэгъа цIыхухэм, щытыкIэ къэхъухэр псынщIэу ихъуэжыну зылъэкI Урысей Федерацэм и Президентым. ДэIэпыкъуныгъэ догъуэт. Пэжщ, щытыкIэр гугъущ. Ауэ псоми къыдгуроIуэ щхьэж и ищIэн хуейр, долажьэ. ТлъэкI къэдгъэнэнукъым текIуэныгъэр нэхъ щIэх зыIэщIэдгъэхьэн папщIэ», — жиIащ Белгород областым и губернатор Гладков Вячеслав.

Къыхэгъэщыпхъэщи, ипкIэ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, жылагъуэ Iуэхузехьэхэр, динырылажьэхэр, депутатхэр, артистхэр социальнэ зэпыщIэныгъэхэм я IэмалкIэ Белгород хэкIуэда цIыхухэм я Iыхьлыхэм зэрахуэщыгъуэр щатхауэ щытащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2023 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м Белгород деж террор къэхъугъэ Украинэм щригъэкIуэкIащ.

«Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм сащIыгъуу Белгород областым щыхэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм дывдощыгъуэ. УIэгъэ хъуахэр икIэщIыпIэкIэ узыншэ хъужыну! Мамыру псэу цIыхухэм апхуэдэ хьэкIэкхъуэкIагъэ япщIэныр цIыхугъэншэщ», — ди республикэм и Iэтащхьэм.

ЧЫРБЫЖ Иринэ

Унагъуэм и Илъэсым

Хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ УФ-м и Президентым къихьа унафэм щIэту, мы гъэм Унагъуэм и Илъэсыр Къэрэшей-Черкес Республикэм зэрыщрагъэкIуэкIыным пыщIа упщIэхэм.

Зэлэжьынум иропсалъэ

ЗэIущIэм хэтащ КъЧР-м и Парламентым и тхьэмадэ Иванов Александр, Правительствэм и лIыщхьэ Аргун Мурат, республикэм и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщI Уэз Мурат, сенатор Салпагаров Ахъмэт, хэгъуэгу Правительствэм хэтхэр.

Темрезов Рэшид и къэпсэлъэныгъэм гу щылъитащ унагъуэм и Илъэсым пыщIа IуэхугъуэхэмкIэ сыт хуэдэ IэнатIэ пэрытхэри, ныбжь зэхуэмыдэм итхэри къызэрызэщIаубыдэнур.

«Федеральнэ, хэгъуэгу, щIыпIэ власть къулыкъухэм ди лэжьыгъэр зыхуэунэтIар цIыху къэс я гъащIэр зэIуэзэпэщ тщIынращ, абы къыпэкIуэуи, цIыхухэм, жылагъуэм я щыIэкIэ-псэукIэр едгъэфIэкIуэнращ. Хэгъуэгу планым хэгъыхьэпхъэщ дэтхэнэ лэжьыгъэми бюджет лъабжьэ иIэу — узыншагъэр хъумэнымкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, социальнэ гъащIэмрэ хъумэныгъэмрэкIэ, щэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ... Девгъэгупсыс унагъуэхэм социальнэ, экономикэ хуэгъэкIуэтэны-гъэхэр нэхъыбэу ягъэгъуэтынымкIэ Iэмалхэм», — къыхигъэщащ Темрезов Рэшид.

КъыщIигъужащ унагъуэм и Илъэсым ипкъ иту къызэрагъэпэщыну, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм ди хэгъуэгум щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэри къыхэлъытапхъэу. Псом япэ гу лъытапхъэу къыхигъэщащ сабий куэд здыщапI унагъуэхэм, ныбжь зиIэхэм, СВО-м щыIэхэм я бынхэр.

КъЧР-м и лIыщхьэм тегъэчынауэ жиIащ хэгъуэгум и планыр гъэбелджылыным фэрыщIыгъэ хэмыту, гурэ псэкIэ бгъэдыхьэну.

«Унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр — мы илъэсым и кIыхьагъкIэ зэдэтщIэну лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу щытынущ. ЗызэщIэдгъакъуэу, дызэкъуэувэу, лъэкIыныгъэу диIэр къэдгъэсэбэпу унагъуэм и Илъэсыр зэрыхуэфащэу, ди къэралыр зэрыгушхуэ, уасэншэу къилъытэ бынунагъуэм и пщIэр тIэтыну, жылагъуэм ифI куэд длэжьыну дэтхэнэми сыфщогугъ», — къыщIигъужащ Темрезов Рэшид.

ЩIыхь

ЛIыщхьэм и дзыхьщIэгъущ

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЕРКЕС Республикэм щыщ, СВО-р здыщекIуэкI зауэ операцэ хэхам хэта, и ныбжьыр илъэс 21-рэ фIэкI мыхъуауэ «Орден Мужества», «Орден Святого Георгия», «За верность долгу» хэкупсэ медалхэр къызыхуагъэфэща, СВО-м хэтхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу «Защитники Отечества» Фондым и хэгъуэгу социальнэ координатор адыгэ щIалэ хахуэр — Гусхэ Замир — Урысейм и Президентым и дзыхьщIэгъу хъуащ.

Зэкъым Замир теухуауэ ди газетым тхыгъэ зэрытетар. Ноби ди щIалэ хахуэм и цIэ къыщIитIуэн щхьэусыгъуэшхуэ диIэщ. АтIэ, Замир къыхуагъэфэщащ жэуаплыгъэ къызэрымыкIуэ зыплъ пщэрылъ — ар Урысейм и Президентым и хэхыныгъэхэм Путин Владимир къуэтыну, и дзыхьщIэгъуу щытыну къыхагъэщащ. Абы щыхьэт тохъуэ иджы дыдэ Замир къыIэщIалъхьа, Урысейм и Центр-избиркомым къикIа щыхьэтлыкъ тхылъыр — удостоверенэр.

ГуфIэгъуэ дауэдапщэм щIэту ныбжьыщIэ гуеим щыхьэтлыкъ тхылъыр Iэщ-Илъхьащ хэгъуэгу хэхакIуэ штабым и аппаратым и унафэщI Алиев Мыхъутар.

«Дзыхь зыхуащI цIыхухэм пщэрылъ хьэлъэ яхьынущ — къэралым щыпсэухэм пыщIэныгъэ быдэ даIыгъынущ. Ди фIэщ мэхъу ди хэгъуэгум щыщ щIалэр — Гусхэ Замир щIыхь хэлъу Владимир Владимирович зэрыкъуэтынур.

Замир щIалэ хэкупсэщ, СВО-м къулыкъу щищIащ, а зэхэуэхэм я ветеранщ. Зэрихьа лIыхъужьыгъэм, къигъэлъэгъуа хахуагъэ къызэрымыкIуэм къыпэкIуа зауэ, къэрал нагъыщэхэр щIыхь лъагэ зыпылъщ. Дрогушхуэ апхуэдэ щIалэм», — щыжиIащ Алиевым и къэпсэлъэныгъэм.

«Владимир Владимирович и дзыхьщIэгъуу сыщытыныр сэркIэ щIыхь къызэрымыкIуэщ, абы къыдэкIуэуи, жэуаплыгъэ ин зыпылъу солъытэ.

Лэжьыгъэ хьэлъэу щытынущ ар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэ зэпыщIэныгъэ быдэ ядэтIыгъынущ хэгъуэгухэм щыпсэухэм, ахэр ди Президентым пытщIэнущ. ДызыIущIэну жылагъуэм яжетIэн диIэщ. АтIэ, ди гъащIэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр хомылъагъукIыну Iэмал иIэкъым», — жиIащ ди хэкуэгъу лIыхъужьым, Гусхэ Замир.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Путин Владимир и кандидатурэр дэзыIыгъхэм я Iэпэхэр здыщIадза тхылъхэр Купсэ хэхакIуэ штабым япэ дыдэ езыхьэлIа, къэралым и хэгъуэгу 25-м Къэрэшей-Черкесыр ящыщ хъуащ.

Егъэджэныгъэ

УФ-м просвещенэмкIэ и министр Кравцов Сергей ди хэгъуэгум лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ. Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ федеральнэ министр Кравцов Сергейрэ тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьынымкIэ проектхэмрэ программэхэмрэ нэгъабэ зэрагъэзэщIам.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, 2023 гъэр ЕгъэджакIуэмрэ унэтIакIуэмрэ я Илъэсу екIуэкIащ.

Еджэным тригъэгушхуэнущ

Ди республикэм и лIыщхьэм Кравцов Сергейрэ Минпросвещенэм и лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ проектыр Къэрэшей-Черкесым щыгъэзэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуам папщIэ.

Проектхэмрэ программэхэмрэ япкъ иту, республикэм еджапIэщIэхэмрэ сабий IыгъыпIэхэмрэ щаухуэ, егъэджэныгъэм технологиещIэхэр къыхагъыхьэ, оборудованэщIэ къащэху. Хэгъуэгум и унафэщIхэм я нэIэ щIагъэкIкъым лэжьыгъэхэр и зэманым зэрагъэзащIэр. Гулъытэ хэха хуащI егъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ я щIэныгъэм хэгъэхъуэным.

КъинэмыщIауэ, республикэм къыщызэIуах еджакIуэ цIыкIухэм зыздаужьын утыкухэр. Апхуэдэщ «Точка роста» жыхуиIэр, сабий зэчиифIэхэм зыкъыздызэкъуах «Спутник» купсэр. Кравцов Сергей и фIыщIэкIэ, мы гъэм сабий зыгъэпсэхупIэ лагерхэм псэупIитI щаухуэн ирагъэжьэнущ. Туризмымрэ сервисымрэ я IэщIагъэрылажьэхэр здагъэхьэзыр колледжыр «Профессионалитет» программэм хыхьащ.

«Нэгъабэ едгъэжьа лэжьыгъэхэм мы гъэм пытщэнущ, егъэджэныгъэр егъэфIэкIуэнымкIэ программэхэмрэ проектхэмрэ адэкIи дгъэзэщIэнущ», — жиIащ Темрезов Рэшид.

ЗэIущIэ нэужьым, Темрезов Рэшидрэ Кравцов Сергейрэ Черкесск къалэм дэт, фIыуэ зэрагъэзэхуэжа нэужь къызэIуахыжа, зи № 6 курыт еджапIэм еблэгъащ.

Мы курыт еджапIэр – сабий минхэмкIэ зэманым тегъэпсыхьауэ къызэгъэпэща егъэджэныгъэ утыкущ. Классэри, спорт, актовэ пэшхэри, шхапIэри зыхуэныкъуэ оборудованэкIэ къызэгъэпэщащ. ЕджапIэм зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ Урысейм и Президентым и унафэкIэ зэхагъэува, «Модернизация школьных систем образования» программэм ипкъ иту.

Мыбдеж ухуэныгъэ-зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIым еджакIуэхэми, егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми я хьэлэмэтхэр къыхалъытащ.

КъинэмыщIауэ, еджапIэ пщIантIэм футбол джэгупIэрэ нэгъуэщI спорт лIэужьыгъэхэм цIыкIухэм зыздыхурагъэсэну утыкурэ яухуэн щрагъэжьащ. Сабий 400 зыщIэхуэну къудамэщIэ еджапIэм къыпащIыхьын яублащ. Ухуэныгъэр мы гъэм икIэм ехъулIэу яухын я мурадщ.

2022 гъэм къыщегъэжьауэ республикэм щагъэзащIэ курыт еджапIэхэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щегъэкIуэкIынымрэкIэ программэр. А пIалъэм къриубыдэу, программэм ипкъ иту, зэрагъэзэхуэжащ еджапIэ 42-рэ. 2024 гъэм ремонт лэжьыгъэхэр щрагъэжьэнущ курыт еджапIэ 14-м. Абыхэм щыщу Iуэхущ1апIи 6-р мы гъэм яухынущ, адрейхэр 2025 гъэм зэлъэщIагъыхьэнущ.

«Си фIэщ мэхъу, теплъэщIэ зыгъуэта еджапIэхэм ди сабийхэр нэхъри нэхъыфIу еджэным, заужьыным зэрытрагъэгушхуэнур», — жиIащ Темрезов Рэшид.

КъыкIэлъыкIуэу, хьэщIэхэр еблэгъащ зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр здыщекIуэкIа, Зеленчук жылагъуэм дэт, зи №1 курыт еджапIэм. Абыхэм ягъусащ ди хэгъуэгум и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат.

Къыхэдгъэщынщи, зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэр ягъэува пIалъэм нэмысу зэфIагъэкIащ. Абы и фIыщIэкIэ, сабий 800-м я еджэгъуэ илъэсыр зэманым техуэу къызэрагъэпэща еджапIэм щыщIадзэжащ. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа программэм ипкъ иту, мыбдеж лъэгухэр зэрахъуэкIащ, блынхэр ягъэузэхуащ, электрокъару кIуапIэхэр, псыхуабэ зэрыкIуэ бжьамийхэр зэрагъэзэхуащ, сигнализацэщIэ хагъэуващ, Интернет щIашащ, пэшхэр зыхуэныкъуэ оборудованэкIэ къызэрагъэпэщащ.

Кравцов Сергей нэгъабэ мы еджапIэм щыщыIам унафэ ищIауэ щытат Хэку зауэшхуэм хэкIуэда, еджапIэм щылэжьахэмрэ щеджахэмрэ я фэеплъу ягъэува сыныр зэрагъэзэхуэжыну, къинэмыщIауэ, сабий жэрдэмхэмкIэ Купсэ къызэрагъэпэщыным гулъытэ хуащIыну.

ЕЗАУЭ Маринэ

Илъэс 75-рэ

ШЭРДЖЭС Алий

Адыгэ уэгум и вагъуэ

... Уи зэчий дамэр пшэщI къудейуэ
Ажал щэхурыпхъуэм утхичат,
Гукъутэу щыIэхэм я лейуэ
Пхуэкъабзэ ди псэми
къеIат.

Е Тхьэшхуэр уи пщIэм
къехъуэпсэжу
Езым и пащхьэ
уихьыжа?
Е уэ пщIэфынум щышынэжу:
«Хъунщ ар!»
къыбжиIэу уищтэжа?

Иджыри зэ ажал щысхьыншэм
Къырех ди лъэпкъым удын ин...
Гукъеуэу зэхуэса гъунэншэр
ЛъэкIакъым уи гум игуэщIын...
Дыкъол а гуауэми.

Дыкъолри,
ЦIыхуфэ Iувым ар тхуешэч.
Илъэсхэр блокI,
дыблокIыр дэри,
УдимыIэжу, Мухьэрбэч!...

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

Къру макъ

ПщIащэ гъуахэр гуIэ
нэпсу
жыгхэм къаIэпоху,
Жьыбгъэ щIыIэри
жьуджалэм
ироджэгу лъапэху,
Жэщыр хъуамэ,
зэфIигъанэу
даIуэм и тэмакъ,
Тхьэгъуш макъыу
щхьэщосыкIыр
щIылъэм къру макъ.
Къру лъэтэжхэм я
чэруану
гущIэр зыдэуш,
Хэт щIытефлъхьэр
щхьэкIуэ уанэ,
хэт фритхьэгъуш?
Хуабэр армэ
фызытегъэр,
чыхум хыхьэжащ —
Щхьэ пыIэншэхэм я
тепхъэщ
бжьыхьэ жэп хьэжар.
Жэщи махуи
зэпымычу
фкIуми фэ фи гъуэгу,
Махуэр щIылъэм
щхьэщымыкIыу



«Хромой дервиш» фильмыр

дэ диплъэфкъым уэгу.
Ауэ дыгъэр бгым
тетIысхьэм,
дохъу щхьэщIэгупщыс,
ПIэ щIыжахэм
дыкъитIысхьэу,
фи цIэкIэ дыщысщ.
Хэт и уни жьыбгъэ
джалъэм
жэщкIэ хущIихьэж
ГукъэкIыжхэм я
жьуджалэм
щремыдыхьэшх —
Кърур кIыгуугукъым,
ауэ гъэхэр ахэми
къабжыф,
Уи щыуагъи,
текIуэныгъи
зэпалъытыжыф.
ЦIыхур тыншмэ,
щыкIыгъуафIэщ,
пылъкъым и пщэдейм,
Ауэ гъащIэр псэугъуафIэ
къыщыпщыхъум дей,
ПщIэным щхьэкIэ
зэрыщыIэр
зэфIэна тэмакъ,
Гум кърухэм зэзэмызэ
къыщреIу я макъ...

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ, зэрыин, зэрыпагэ цIыху гъэщIэгъуэныщэхэр Тхьэм и фIыщIэкIэ къытхыхьэ зэпыту къокIуэкI. Жагъуэ хъур нэгъуэщIщ. Апхуэдэхэр, и нэхъыбапIэм, гъащIэ мащIэу къыщIокI... Апхуэдэщ Абхъаз Республикэм и ЦIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, актёр телъыджэ Акъ Мухьэрбэч Угъурлы и къуэри. Ар псэужамэ, щIышылэм (январым) и 18-м илъэс 75-рэ ирикъунут...

«Гум кърухэм зэзэмызэ къыщреIу я макъ...»

«Колокол священной кузни» фильмыр

Мухьэрбэч 1949 гъэм Жьакуэ къуажэм къыщыхъуащ. Курыт еджапIэм класси 8-р къыщиуха нэужь, электрикым и гъэсэну лэжьэн щIидзауэ щытащ. ИужькIэ училищэм монтажник-высотникым и IэщIагъэм зыщыхуигъэсащ. Абдеж Акъым фIыуэ илъагъу спортым нэхъри пыщIэныгъэ хуиIэу зегъэпс. ЩIалэ Iэчлъэчым самбо, дзюдо лIэужьыгъуэхэр, волейболыр, баскетболыр, футболыр — дэтхэнэри къыдохъу.

Спортым и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм зэрыдихьэхым къыхэкIыу, ар егупсыс хъуащ гъэсакIуэ е физкультурэмкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэм. ИкIи, а IэщIагъэм хуеджэн и мураду, ищхьэ еджапIэм Карачаевск щыщIэтIысхьащ. Акъ Мухьэрбэч гъэсакIуэ IэщIагъэр и натIэ хъуну къыщIэкIынт, театральнэ институтым и адыгэ труппэм студент зэрыригъэблагъэм теухуа хъыбарыр газет напэкIуэцIым къыщыIэщIэмылъэгъуамэ...

НатIэм итхам уфIэкIынукъым жыхуаIэри мыбы хэлъу къыщIэкIынщи, Къэрэшей-Черкес къэрал пединститутым (КЧГУ) физкультурэмкIэ и факультетым е 3-нэ курсым хэсу, Мухьэрбэч ар къегъэнари, Тбилиси къалэм дэт, Руставели Шота и цIэр зезыхьэ театральнэ гъуазджэмкIэ институтым щIотIысхьэ. ИкIи, занщIу адыгэ студием и е 3-нэ курсым хагъэтIысхьэ. Къыхиха IэщIагъэр игуми и псэми зэрыфIэфIым и щыхьэту, Мухьэрбэч икIэщIыпIэкIэ ялъэщIохьэж зыхагъэтIысхьэжа курсым и студентхэм, уеблэмэ нэхъыфIхэм ящыщ мэхъу.

1972 гъэм Мухьэрбэч театральнэ институтыр къеухри, и щIыналъэ къегъэзэж. Мыбдежми Акъым зэуэ гу къылъатэ жытIэмэ едгъэлеинукъым. Абы щхьэусыгъуэ хуохъу актёрым бгъэдэлъ зэчийм и мызакъуэу, и пелуан Iэпкълъэпкъ зэхэлъыкIэри, лIыгъэ зэрыплъагъуэ и нэгури. Мухьэрбэч и япэ ролыр щигъэзэщIауэ щытащ Чехов Антон и тхыгъэмкIэ ягъэува «Водевиль»-м. ИкIи, и япэ ролым щегъэжьауэ Акъым цIыхухэм я гур къехьэху. Тхьэр зэчийкIэ зыхуэупса актёрыр цIыхухэм къацIыхуа нэужь, зэрыжаIэжымкIэ, театр пэшым цIыхур щIэз хъут, спектаклым Мухьэрбэч щыджэгуу хъыбар зэхахмэ.

ЖыIэпхъэщи, Черкесск къалэм дэт адыгэ театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщщ Акъыр. Мухьэрбэч лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм зи зэчийр хуэзунэтIыф актёрт. Абы зэхуэдэу къехъулIэт трагедие, комедие, драмэ ролхэр. ГъэщIэгъуэнщ, ауэ Мухьэрбэч бзаджагъэ зыкIэрылъ образхэр нэхъ фIэгъэщIэгъуэнт. Сыту жыпIэмэ, апхуэдэ персонажхэм сыт щыгъуи я хьэлыр нэхъ IупщIу къэгъэщIыпхъэщ.

Спектаклым роль нэхъыщхьэр Мухьэрбэч щигъэзэщIат, ефэндыуэ щыджэгуат. Мы теплъэгъуэр зылъэгъуа театрал куэдым къыхагъэщ ефэндым и ролыр Акъым ауэ къызэрымыкIуэу, лъэщу къызэрыдэхъуар. Ауэ, псом хуэмыдэу, Акъ Мухьэрбэч и зэчийр къэзыгъэлъэгъуа спектаклу къалъытэр Къардэн Хьэсэмбий и «Ленинградский эшелон» пьесэмкIэ ягъэуваращ. Ар теухуат блокадэм ита Ленинград къалэм щыщ сабийхэр Беслъэней къуажэм щыпсэухэм кърагъэлкIэрэ, зэрахьауэ щыта лIыхъужьыгъэм.

Акъым театрым щигъэзэщIа ролхэр, дауи, иджыри куэд мэхъу. Ахэр сыткIи зэхуэмыдэщ. Псалъэм папщIэ, Козар («Поэма о любви» трагедиер, Мусрепов Г.), Темрыкъуэ («Башня Адиюх» спектаклыр, Акъсырэ З.), Сильвестр («Проделки Скопена» комедиер, Мольер), Агабо («Пока арба не перевернулась» спектаклыр, Иоселиани О.) сымэ я образхэр, нэгъуэщIхэри.

Iэмал иIэкъым Мухьэрбэч кинематографием щигъуэта ехъулIэныгъэхэми я гугъу умыщIыну. Апхуэдэу, ар «Всадник с молнией в руке» фильмым хэту япэу экраным къихьауэ щытащ. «Колокол священной кузни» фильмым Мухьэрбэч Риза и ролыр щигъэзэщIащ. Ар актёрым и кинотворчествэм и лъагапIэу ялъытэ. Риза и ролым папщIэщ актёрым Абхъаз АССР-м и ЦIыхубэ артист фIэщыгъэцIэ лъапIэр къыщIыхуагъэфэщар. Мухьэрбэч фильмым и сценарием къеджа нэужь, Риза и образыр занщIу и гум дыхьащ, ар зыхищIэ хъуащ. Абрэджым и къэухь-гупсысэкIэр, и дуней тетыкIэр лъыкIэ къыгурыIуащ. Арагъэнщ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, Риза и образыр апхуэдэу гукъинэж дэтхэнэми щIыщыхъуар, кинематографием епха цIыхухэм лъагэу къыщIалъытар. ЖыIэпхъэщи, Мухьэрбэч щIыгъуу фильмым щыджэгуа шыми пыщIэныгъэ псэкIэ зэрыхуиIэр зыхэпщIэт. Ар ирапх Акъым и адэм къуэр щысабийм щегъэжьауэ шым «гурыIуэн» зэрыхуейм хуигъасэу зэрыщытам. Акъ Угъурлы и дерсхэр арыххэу блэкIакъым. А псори Мухьэрбэч лъэрыхьу къыщигъэсэбэпащ образ нэсыр къигъэщIын папщIэ.

КъинэмыщIауэ, Мухьэрбэч хэтащ «Хромой дервиш», «Гляди веселей», «По следам властелина», «Огненное детство» фильмхэм, нэгъуэщIхэми. Къыхагъэщ Мухьэрбэч и эпизод ролхэри нэгъэса, лъэщ зэрыхъуу щытари. Ар и щыхьэтщ актёрым сыт хуэдэ ролми гулъытэ нэс хуищIу зэрыщытам.

Акъ Мухьэрбэч, жагъуэ зэрыхъущи, пасэу дунейм ехыжащ. 1987 гъэм лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыху щэджащэр Тхьэм ищтэжащ.

И гъащIэр кIэщIу къыщIэкIами, абы къигъэщIа образ зэхуэмыдэхэр гукъинэж хъуащ, цIыхухэм я псэр яхьэхуащ.

Мухьэрбэч къигъэщIа илъэс 38-м къриубыдэу, театрым роль 70-м щIигъу щигъэзэщIащ, фильм 12-м щыджэгун хущIыхьащ.

Артист щэджащэр лъэпкъым и гум хуабэу къинащ. Апхуэдэу, Акъ Мухьэрбэч теухуауэ «Я не успел его спросить...» тхылъыр актёр, тхакIуэ, режиссёр Абдокъуэ Маталио итхащ. КъинэмыщIауэ, псэкIэ зыпыщIауэ щыта адыгэ драмэ театрым актёр телъыджэм и фэеплъу Мухьэрбэч и цIэр зэрехьэ.

ГЪУКIЭКЪУЛ Иринэ

Лъэпкъыр зыгъэдахэ Акъ Мухьэрбэч

Зы псалъи яку къыдэмыхуэу, зэныбжьэгъуфIу зэрыцIыкIу лъандэрэ къызэдекIуэкIащ Акъ Мухьэрбэчрэ Куэш-Хьэблэ къуажэм щыщ Амирокъуэ Мухьэмэдрэ (Бэдуникщ псоми къызэрацIыхур). Мухьэмэди псэужкъым. Тхьэм здэкIуам щигъэтынш... Ар псэу щIыкIэ, илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, мы хъыбархэр къыджиIэжауэ щытащ.

Ныбжь гуэр къэзыгъэщIа къуажэдэсхэм ящыщу хэт зымыщIэжыр Куэш-Хьэблэ адыгэ театрыр къыщыкIуэкIэ Мухьэрбэч Бэдуник и цIэр къигъэсэбэп зэпыту зэрыщытар?! Апхуэдэ щапхъэ куэд езы Амирокъуэми, къуажэдэсхэми зэпеуэу къыбжаIэжыфынущ.

Мухьэрбэч и шыпхъу нэхъыжьыр Бэдуникхэ я гъунэгъу нысэт. Арати, и шыпхъум я деж лъагъунлъагъу къакIуэурэ сабий щIыкIэ ныбжьэгъушхуэ зэхуэхъуат Бэдуникрэ Акъымрэ.

— Дэтхэнэ зы щIалэ цIыкIуми хуэдэу, ди зэбэныным, зэпщэфыIэным гъунэ иIэтэкъым, – и сабиигъуэ жыжьэм хоплъэж Бэдуник. – Апхуэдэ ди зы зэзауэ гуэрым Хьэбэчэ (арат Мухьэрбэч сызэреджэр) сеуэри, и щхьэ щIыбым дыркъуэ теслъхьауэ щытащ. Нобэр къыздэсами, абы сегупсысыхукIэ, сщIа мыхъумыщIагъэм си гур ехуз...

ЦIыкIу щIыкIэ спортым дихьэхауэ къэтэджа щIалитIыр зэгъусэу, нэгъуэщI я ныбжьэгъу щIалэхэри ящIыгъуу, Карачаевск къалэм дэт пединститутым и спорт факультетым физкультурэмкIэ и къудамэм 1969 гъэм щIэтIысхьащ.

— Хьэбэчэ нэхъ щIалэ зэкIуж ди псыхъуэм дэсакъым жысIэмэ, сыщыуэнукъым, – жеIэ Бэдуник. – 1957 гъэм институтыр къызэрызэIуахрэ абы щIэтIысхьахэм Хьэбэчэ экзаменхэм къыщихьа баллхэм нэхъыбэ къэзыхьа яхэтакъым. И хьэлъагъыр килограмми 120-рэ хъууэ, сантиметри 190-кIэ дэлъейрт! АпхуэдизкIэ а щIалэр къарууфIэти, Iэчлъэчти.

Зы илъэс дызэдеджауэ щIалэм и псэр зыхэлъ IэщIагъэм зритыжыну мурад ищIащ – Тбилиси къалэм дэт театр институтым щIэтIысхьащ. ЦIыхухэм яфIэтелъыджэу, Хьэбэчэ занщIэу ещанэ курсым хагъэтIысхьат. Пэжыр жыпIэнумэ, ар щIебгъэджэни щыIэтэкъым. Тхьэшхуэм къыхилъхьауэ артистыныр и лъым хэлът, уеблэмэ къебэкIт.

Ар япэ щIыкIэ къэрэшей гупым хагъэтIысхьэри, абыхэм ящIыгъуу еджащ. IэщIагъэ къыхихам зэрыхуэIэзэр кърагъэлъагъуэу «категорие» ятти, Акъым япэ нагъыщэ къыщратам, илъэситху хъуауэ еджэхэм ещанэт къалъэщыфар! Абы щыгъуэм Хьэбэчэ илъэс иримыкъут актёр IэщIагъэм зэрыхуеджар.

«Зы махуэм экзамен 38-рэ стыфащ!» – жери тхыгъэ къысхуигъэкIуауэ щытащ. КъигъэщIа мыгъуэри апхуэдиз илъэс бжыгъэщ... ИужькIэ, адыгэ труппэм хагъэхьэжри, абыхэм къадиухыжащ.

Бэдуник къыхегъэщ Мухьэрбэч узыфIэмыкIыжыну акъылыфIэу, адыгэ хъыбарыжьхэр фIыщэу ищIэу зэрыщытар.

— УмыгъэщIэгъуэн плъэкIтэкъым адыгэ хъыбарыжьу абы жиIэжыр, – къыпещэ ди псэлъэгъум. – Лъэпкъ зэхэдз ищIтэкъым. Ауэ езыр къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым фIылъагъуныгъэу хуиIэр зыхуэбгъэдэн щыIэтэкъым.

Хуабжьу фIэфIу, и псэм зэрыдыхьэр, и гур зэрыхэщIыр къыуигъащIэу анэгум теухуа хъыбарыжьхэр жиIэжт.

Карачаевск дыщызэдеджа зэманым, институтым а лъэхъэнэм щеджа нэрыбгэ мини 3-м, фи фIэщ фщIы, Акъыр къахэщт. Ар фIыуэ къызэралъагъур зыхуэбгъэдэныр сщIэкъым, апхуэдизкIэ псори къыхуэгуапэти. НэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэр «Мишэт» къызэреджэр.

Институтым щIэс адыгэ щIалэгъуалэм пщыхьэщхьэкIэ джэгу тщIыт. Абдежми мо щIалэ Iэпкълъэпкъ зэкIужыр утыкум ирагъэкIтэкъым, сыт и лъэныкъуэкIи къытхэлыдыкIт.

Гу къабзэт, творческэ акъылышхуэ зыбгъэдэлъ, зыужьыныгъэшхуэ зиIэ артист телъыджэт. Дакъикъэ бжыгъэкIэ усэ гъэщIэгъуэн зэхилъхьэнут, зызыпимыщIыжыф цIыху щыIэтэкъым. Брежнев къэтэджыжауэ къопсалъэ къыпщыхъунт, Хьэбэчэ абы зыщыпищIыжкIэ...

Бэдуник игу къегъэкIыж Мухьэрбэч зыхэт спектаклхэр я къуажэм щагъэлъэгъуэну къыщыкIуэкIэ, клубым тIысыпIэ дэнэ къэна, щытыпIи имыIэжу пэшым цIыхур щIэз хъууэ зэрыщытар. ЦIыхуцIэ зиIэм я махуэщIт, Iуэхуи-дэлъи къагъэнэнут Хьэбэчэ къуажэм къакIуэу зэхахамэ. Уеплъ, уедаIуэ пэтми зыщыбгъэнщIтэкъым...

Адыгэ уэрэдыжьхэр зи щIасэ Хьэбэчэ ахэр и макъ дахащэмкIэ сценэм тету щыжиIэкIэ, цIыху Iувыр сабыр хъут. «Сыту щIэх дыдэ иуха?» – жыуигъэIэу, Хьэбэчэ къигъэщI теплъэгъуэ телъыджэхэр сыт щыгъуи тфIэмащIэт, къэхъунум дыпэплъэт.

Хьэбэчэрэ ПщыхуэфI Астемыррэ дунейм ехыжа нэужь, зыми и жагъуэ хъуну сыхуейкъым, къуажэм спектакль къэкIуакIэ, апхуэдиз цIыху екIуэлIэжакъым...

Си ныбжьэгъур икърар зыхэлъ цIыху пэжт, пцIыIуэпцIышэтэкъым. Ауэ цIыху гуэрым къыщыщIа хъыбар щыжиIэжкIэ, зэрыщIригъэгъур, пцIы зэрыхилъхьэр сэ къызгурыIуэти, и Iэпхъуамбэр и Iупэм хуихьт, зыри жумыIэ къригъэкIыу, адэкIи: «КхъыIэ, мы си Iупэм утемыс!» – къыдыщIигъужт.

Сыт хуэдэ гупми щыпашэ хъут, ныбжь зиIэхэми сабийхэми пщIэшхуэ къыхуащIт. И ныбжьэгъу къэрэшей щIалэ гуп щIыгъуу къуажэм къакIуэти, жэщыку нэгъунэ хъыбар дыхьэшхэнхэр, ауанхэр жытIэу дызэхэст, джэгу тщIыт, — игу къегъэкIыж ди псэлъэгъум.

Бэдуник шэч къытрихьэкъым Акъ Мухьэрбэч цIыхубэ фIылъагъуныгъэшхуэ къэзылъэща артист телъыджэу зэрыщытам, ноби цIыхубэм зэрыщымыгъупщэм. «Хьэбэчэ хуэдэ цIыху дунейм къытехъуэну си фIэщ хъукъым», – и псалъэм дыщIегъуж абы.

И анэм къыдимылъхуами, лъыкIэ зэхэмыхьэми, ныбжькIэ зы илъэс фIэкIа ямызэхуакуми, Бэдуник Мухьэрбэч и шынэхъыжьу илъытэт.

— Уз хьэлъэ къызэреузыр езыми фIыуэ ищIэт. КъыжраIат и гум дагъуэшхуэ зэриIэр. Арами, Хьэбэчэ къызэмылын узыфэ пкъырыт пэтми, ар сымаджэу зэрыжыпIэн дунейм теттэкъым. Сыт щыгъуи гукъыдэж иIэт, емынэ и кIуэцIым щыхъэми, зыкъыуигъэщIэнутэкъым.

Лъэпкъым и цIэр лъагэу зыIэтыну щыта цIыху щэджащэщ адыгэм пасэ дыдэу фIэкIуэда Мухьэрбэч. Къэлъытэгъуейщ, ар псэужамэ, лъэпкъ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хуищIэфыну щытар, – гукъэкIыж хьэлъэр къызэрыщхьэрыуар и нэгум иплъагъуэу жеIэ Бэдуник...

«Усыт хуэдэ курс?»

Тбилиси щыкIуам Хьэбэчэ е 3-нэ курсым хагъэтIысхьат. Зэрынэсуи письмо къысхуитхащ: «Усыт хуэдэ курс?» – жери.

«А зиунагъуэрэ, етIуанэ курсракъэ сыщеджэр, сыту пасэу пщыгъупща?» – жысIэри жэуап хуэстхыжащ.

«АтIэ, сэ къызэраух къэрал экзаменхэр сотыххэ!» – жери, къысщыдыхьэшхыу жэуап къысхуигъэкIуэжауэ щытат.

«СабийIыгъ»

НыбжьэгъуфI сиIэт, нэгъуей лъэпкъым щыщу. Карасов Хъусинт зэреджэр. Абырэ сэрэ, гъэмахуэ махуэ хуабэу псыхъуэм дыдэсу, Хьэбэчэ, къыздикIари сымыщIэу, псыхъуэм ныдэлъэдащ.

Си ныбжьэгъур лъэныкъуэкIэ IуигъэкIуэтри, къехъуцэщащ. «Си Iуэхур зытетыр мыращ – хы ФIыцIэ Iуфэм зыгъэпсэхуакIуэ сокIуэ. Ауэ мобы (сэрат жыхуиIэр) Iуэхум и пэжыпIэр зэхьумыгъэх... Ари тенджызым здыдошэ...»

Хъусин: «Давай, давай, вы сейчас вернетесь...», – жери, зыри къызжимыIэу срегъажьэ...

«Дэнэ дыздэкIуэр?» – жысIэху, «АдыгэлI здашэм щIэупщIэкъым», – жиIэу фIэкIа жэуап къызиттэкъым.

«А зи лъапсэр бэгъуэн щIалэ, сыту пIэрэ-тIэ мыбы игу ириубыдар», – сигукIэ зыкъом зэзгъэзахуэурэ докIуэ, зыгуэр дыдэ зэригъахъэм шэч къытезмыхьэу. АтIэ, сищыпэлъагъут Хьэбэчэ?!

Сторожевой лъэмыжым дынэсауэ, «КъэвгъэувыIэт!» – жери, мэл гуартэм дыхегъэхьэ, щынитI къыдоубыдри, адэкIи гъуэгум пыдощэж.

— А зиунагъуэрэ, дэнэ дыздэкIуэр? – схуэмышэчыжу сыкъытреч.

— Моууэ, дежэкIынщ, зэрызэ зыхэддзэнщи, дыкъэкIуэжынщ, – икIэмикIэжым сыкъезыхуэкI упщIэм и жэуап къызет Хьэбэчэ.

Акъым «зэрызэ зыхэддзэнщ» жыхуиIэу зи гугъу ищIыр хы ФIыцIэрат.

Хьэбэчэ ипхъу курыт Динэ сабий тыкъыр цIыкIуу тщIыгъут. Пщэдджыжьым сыхьэтыр 4-м ТIуапсэ дынэсащ. Абы щыгъуэм «хы» жыхуаIэр слъэгъуатэкъым. Пщэдджыжьым Уэз СулътIан, Балэ Мурат, ПIапIшу Алий, Хьэбэчэ сымэ загъэпскIыну, я нэгу зрагъэужьыну ежьэти, сэ Динэ сIыгъыу сыщIэст. «СабийIыгъыу», Динэ и «нянькэу» сыздишауэ арат!

Динэ псым зигъэпскIыну хыхьэмэ, ар къэзгъэнэн си гум идэтэкъым. Модрейхэр умылъагъужьыху хым хыхьэти, сэ сабийр къысхуагъанэт. Мис апхуэдэу Хьэбэчэ «хыр сигъэлъэгъуауэ» щытащ.

«Бэдуник и «Запорожец»-р

Адыгэ театрым гъэлъэгъуэныгъэ иIэу къуажэм къакIуэмэ, сыт щыгъуи селъэIут: «КхъыIэ, Хьэбэчэ, си цIэр зыщIыпIи къыхыумыгъэщ, сэ егъэджакIуэу солажьэ, емыкIущ» – жысIэти.

Езыми псалъэ быдэ къызитт сызыщIэлъэIур игъэзэщIэну. Ауэ, сценэм къызэрытехьэу, псори езыр зэрыхуейм хуэдэу ищIт.

Япэрауэ, сценарийм тету зэи утыкум къыщыпсалъэтэкъым. АпхуэдизкIэ зэчий бгъэдэлъти, сценэм здытетым, а дакъикъэм къигупсысурэ, цIыхухэм я жьэр зэтемыхьэжу игъэдыхьэшхыу, иримыгъэзэшу сыхьэт бжыгъэкIэ зыкъигъэлъэгъуэфт.

ПщыхуэфI Астемыр тхьэмыщкIэмрэ езымрэ щыджэгу теплъэгъуэ цIыкIум мыпхуэдэу хигъэуваущ щытащ:

Хьэбэчэ: Нысэ къэтшэн хуейщ!

Астемыр: ЛIо къызэрытшэнур?!

(Сэ а зэманым «Запорожец» машинэ щIэрыпс къэсщэхуауэ сиIэт).

Хьэбэчэ: Сыту! Месри, Бэдуник и «Запорожец»-мкIэ къэтшэнкъэ!

Ар зэхэзыха, пэшым щIэсахэр унащхьэр трачу дыхьэшхауэ щытащ.

АБИДОКЪУЭ Люсанэ

Черкесск хуит къыщащIыжа махуэм

ЩIышылэм и 17-р—ди республикэмкIэ къызэрымыкIуэ фэеплъ махуэщ. 1943 гъэм, щIышылэм и 17-м ди хэгъуэгум и къалащхьэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIахыжри хуит къащIыжауэ щытащ. А махуэр гъэнщIащ гуфIэгъуэкIи, нэпскIи, сыту жыпIэмэ, а зэхэуэхэм хэкIуэдащ зауэлI куэд. Гуауэ ин хахащ мамыру псэу цIыхухэм, лIыжь-фызыжьхэм, сабийхэм...

ЛIыхъужьыгъэр кIуэдкъым

Черкесск къалэр хуит къащIыжыным псэемыблэжу щIэзэуа ди сэлэт хахуэхэм ящыщу нэрыбгиплIым Совет Союзым и ЛIыхъужьыцIэр къыхуагъэфэщащ. Ахэр ноби къытхэтщ нэрымылъагъуу, я цIэхэр республикэм и къалащхьэм и уэрамхэм зэрахьэ, фэеплъ сынхэм тхыдэм худагъэгъэзэж.

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа ЛIыхъужь **Къардэн Мурат**. Хьэуа-десант ротэм и командирт, къызэрымыкIуэу хъыжьэу, псэемыблэжу зауэм хэтащ.

Лаар Иосиф бийм и дзотыр бгъэгукIэ зэхуищIащ, абы къикI ажалзехьэ гынышэхэм ди зауэлIхэр щихъумащ, езым и щхьэри хилъхьащ.

Лободин Иван иужьрей бауэгъуэ нэгъунэкIэ и Хэкум щIэзэуащ. Шууей полкым и командир, подполковник хахуэр фашистхэм къаубыдри, зэрыпсэууэ ягъэсащ.

Омельянюк Филипп фочауэ батальоным и командирым и къуэдзэт. ТIуми нэмыцэм хэщIыныгъэшхуэ ирахыу, хъыжьэу зэуащ. Я лIыгъэм, гуеигъэм къыпэкIуэу ЛIыхъужьыцIэри къыхуагъэфэщащ, Черкесск къалэм, Хэку зауэшхуэм и ЛIыхъужьхэм я мемориалым щыщIалъхьауэ, пщIэрэ щIыхьрэ я фэеплъым хуащI...

Газетыр мызэ-мытIэу тетхыхьащ дэтхэнэ ЛIыхъужьми, абы къыхэкIыу къытедгъэзэжу тхыгъэм зедгъэубгъукъым. АдэкIэ, тхыдэ къэхъукъащIэм и зэкIэлъыкIуэкIам зыхуэдгъэзэжынщ.

Къэрэшей-Черкесыр нэмыцэхэм 1942 гъэм шыщхьэIум (августым) и 12-м яубыдри, 1943 гъэм щIышылэм икIэхэм нэгъунэ яIыгъащ. Ахэр хьэлъэ дыдэу, цIыхубэм хьэзабышхуэ щателъа пIалъэу тхыдэм хыхьащ. Абы хэгъуэгум и цIыху мини 9 хэкIуэдащ, къызэрымыкIуэ хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ цIыхубэ хъызмэтым, зэфIэгъэувэжын хуейр, щIы щхьэфэм трагъэкъэбзыкIар гъунэжт.

Черкесск къалэм цIыхухэр минкIэрэ щагъэкIуэдт, хьэкъи-лажьи зимыIэу хэкIуадэр нэхъыбэт, егъэзыгъэкIэ хэкум ирашт, Германием щагъэлэжьэну. Тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, Германием яхуа нэрыбгэ 400-м щыщу нэхъыбэр абдеж щикIуэдащ.

Апхуэдэ щытыкIэм, щхьэ гъэщхъауэ псэуным емызэгъын цIыхубэт ди къэралым, ди хэгъуэгум щыпсэур. ИкIи ар нэмыцэхэм зыхащIащ Черкесск къалэм щыдахужым, республикэр хуит къыщащIыжым.

Фашистхэм Черкесск махуи 10-15-кIэ яIыгъыну я мурадащ, я Iэщэ-фащэ нэхъ хьэлъэхэр, къаугъуея, къадыгъуа къуентхъыр гъущI гъуэгумкIэ ягъэкуэшынри къызэфIагъэкIыу. Апхуэдэу бийм гугъэшхуэхэр зыхуиIэ гъущI гъуэгур ягъ эщтэн зэрыхуейр ди зауэлIхэми, командованэми къыгурыIуэти, Черкесск ищхъэрэмкIэ къебгъэрыкIуэну я мурад пажэт. Абы къыдэкIуэу, ди дивизэ щхьэхуэхэр ебгъэрыкIуэнут Усть-Жэгуэтэ зыщызыгъэбыда, гарнизону дэс нэмыцэхэм. Унафэр зыт — Черкесск щIышылэм и 17-м хуит къэщIыжын! Хьэлъэт а унафэр гъэзэщIэныр, щIымахуэ ткIийри, ди зауэлIхэр зэрыулэуари, бийм и къарумрэ зэрызэщIэуузэдамрэ зэрызэхуэмыдэми къыхэкIыу.

Черкесск къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ ебгъэрыкIуэныгъэр щIышылэм и 16 жэщым щIидзащ майор Орехов зи командир 875-нэ гвардейскэ полкым и е 2-нэ гвардейскэ фочауэ дивизэм. Полкым и е 2-нэ батальоным и авангард ротэм и командирыр ди хэкуэгъу Майлэ Мыхьэмэтт.

Гуапэ зэрыхъущи, Черкесск хуит къыщащIыжым ди хэкуэгъу, лъэпкъэгъу куэд къахэщащ. Апхуэдэу, взводым и командир Хъырцыжь Умар гитлеровцхэр жейуэ зыщIэлъ я казармэр къихутащ, даущыншэу плъырыр Iуихщ, казармэм зыщIидзэри, нэмыци 100 гъэру къиубыдащ. Апхуэдэ гуеигъэм къыпэкIуэу Хъырцыжьым Бэракъ Плъыжьым и орденыр къыхуагъэфэщащ, и унагъуэми лъагъунлъагъу кIуэжынкIэ хуитыныгъэ къратащ.

Тхыдэ дэфтэрхэм зэрыратхамкIэ, 1943 гъэм щIышылэм и 17-м, тхьэмахуэ махуэм, Кавказым бийр зэрыхуеIа махуэхэм я 177-м Черкесск хуит къащIыжащ.

Черкесск къалэм щIэзэуа ди дзэхэм бийм хэщIыныгъэу сэлэт 450-рэ къыхуахьащ, сэлэтми офицерми гъэру къащтащ нэрыбги 145-рэ. Iэщэ зэхуэмыдэу 44-рэ къаIэрыхьащ, къиукIыпIи 6 зиIэ миномет лъэрыхьу 12, пулемети 120-рэ, автомашини 100-м щIигъу, хьэлъэзешэ машини 10, раци 5, Iэщэ-фащэ, ерыскъы хъумапIи 4, штаб дэфтэрхэр, къинэмыщI къуентхъхэр зэрылъ штаб машинэ, нэгъуэщIхэри зыIэрагъыхьащ.

ЩIышылэм и 18 жэщым ди зауэлIхэм Черкесск и уэрамхэр зэщIащыкIащ, нэмыцэ-румын зызыгъэпщкIуахэр къахутэрэ, къалэр ягъэкъэбзэжу. Зэхэуэхэр гуащIэу щекIуэкIащ хытIыгу ЩхъуантIэм. Абыи дагъэкъэбзыкIыжащ зыщызыгъэбыда бийр.

1943 гъэм щIышылэм и 19-м Совинформбюром къитащ: «Ищхъэрэ Кавказым ди зауэлIхэм Черкесск къалэр хуит къащIыжри, Псыжь псыр зэпаупщIащ».

Къэрэшей-Черкесым и районхэм, къалэхэм, къалащхьэм щIышылэм и 17-ми, абы ипэ къихуэу и фэеплъ Iуэхугъуэ куэд щрагъэкIуэкI. А псори — ди хуитыныгъэр, ди махуэ уэфIхэр, уафэ къащхъуэр къытхуэзызэуахэм, ди нобэм, ди къэкIуэнум зи гъащIэр щIэзытахэм яхуэтщIэжыфыну, блэдгъэкI мыхъуну ди цIыхугъэ къалэнщ, къытщIэхъуэ щIэблэм зыщагъэгъупщэ мыхъун тхыдэщ.

ТУАРШЫ Ирэ

«Черкес хэку»-м и ильэси 100-м хуэкIуэу

Япэ къыдэкIыгъуэм дриплъэжмэ...

Илъэси 100-кIэ узэIэбэкIыжмэ, 1924 гъэм октябрым и 12-м къыдэкIауэ щытащ «Адыгэ псэукIэ» («Адыгская жизнь») япэ адыгэ газетыр. Ар напэкIуэцIитIу, урысыбзэкIи адыгэбзэкIи тхауэ дунейм къытехьащ. БжыгъэкIэ 150-рэ хъууэ къыдэкIа япэ номерыр зыIэрыхьа цIыхухэри зэрыхьа унагъуэхэри хуабжьу щыгуфIыкIащ абы. АтIэ, къэрал унафэкIэ къыдэкIын щIэзыдза, адыгэбзэкIэ тха газетым и гъуэгур зэIуха хъуат. Ар тхьэмахуэм зэ, тхьэмахуэ махуэм цIыхухэм яIэрыхьэт, редактор нэхъыщхьэ хуэхъуари еджагъэшхуэ Ботэщ Ибрэхьимт.

Газетым и япэ къыдэкIыгъуэр къызэIуахащ хъыбархэмкIэ. Абы и япэ напэкIуэцIым къытехуащ ВЦИК-м и е 8-нэ зэIущIэр, Тыркумрэ Сауд Хьэрыпымрэ я лIыкIуэхэм я зыхуэгъэзэныгъэ псалъэхэр, Тыркумрэ Совет Союзымрэ яку дэлъ зэхущытыкIэфIым, Китайм щекIуэкI зауэм, Италие къэралым коммунистхэм я бжыгъэм зэрахэхъуам ятеухуа хъыбар кIэщIхэр.

ЕтIуанэ напэкIуэцIыр Къэрэшей-Черкес автоном областым щыхъыбархэм теухуат. Апхуэдэу, газетым и япэ номерым я Iэдакъэщ Iэкlхэр къытехуащ цIыхубэ егъэджакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ Тобыл Талустэнрэ щIэныгъэлI Мэршэныкъуэ Умаррэ. Тобылым итха «Псэукlэр щIэныгъэщ», Мэршэныкъуэм ейуэ «Мыдрисэ» я тхыгъэхэмкIэ цIыхухэр щIэныгъэм къыхураджэ, ятх псэукIэр щIэныгъэм зэрепхар, зэман зэхуэмыдэхэм дэкъузауэ, щIэныгъэ зрамыгъэгъуэтыфу щытами, иджы псэукIэм нэхъри ирагъэфIэкIуэным, еджэныр нэхъ тынш ящIыным, цIыхухэм щIэныгъэ узыншэ, щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтыфыным зэрыпылъхэр.

Къинэмыщlауэ, напэкIуэцIым тетщ Александрэ и цIэр зыщIэт, «Бзылъхугъэ зэIущIэ» тхыгъэр. Ар топсэлъыхь Октябрь революцэм и пашэ коммунист партым хуитыныгъэ и лъэныкъуэкIэ хъулъхугъи бзылъхугъи зэхуэдэу хабзэ зэригъэувам, абы ипкъ иту, областым хыхьэ Нижнемаринскэ къуажэм бзылъхугъэ 37-рэ зэхуэсу, зэIущIэ зэрырагъэкIуэкIам. АтIэ, а зэманым бгырыс бзылъхугъэхэр еджэну, щIэныгъэ зрагъэгъуэтыну, лэжьэну хуиттэкъым. Унэгуащэт я гъащIэр зэрахьыр. Революцэ нэужьым къэралым игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм къадэкIуэу, бзылъхугъэхэр еджэну, лэжьыгъэ пэрыувэну хуиту хабзэ къащтащ. АрщхьэкIэ, нэмыс, хабзэ яхэлъу, икIи абы зынимыгъэсмэ фIэфIу:

– Хъунщ, а къепхьэжьар къызэрыкIуэ Iуэху цIыкIукъым занщIэу убзрэ бдыж хъуну, – жиIэри зэрыс диваным зыкъытриIэтыкIащ икIи, нэгъуэщI пимыдзыжу, и анэр зыщIэс пэшымкIэ кIуащ.

– Сэ сегупсысагъэххэщ а псоми, – а псалъэхэр Сарэ кIэлъидзащ и щхьэгъусэм. Ауэ ар зэхихакъым Сэлмэн, хьэмэрэ зэхимыха зищIа?

ИкIэм – икIэжым Сарэ зыхуэкIуэжа гупсысэр иджы нэгъуэщIт: дэ дыжьыIэдаIуэу еса бгырыс цIыхубзхэр, зэресауэ, унагъуэр зэрахьэным, бын зэрапIыным пылът, щIэныгъэ зрагъэгъуэтыным хуэнэгуейтэкъым. Ауэ, Нижнемаринскэ дэс бзылъхугъэхэм зыкъаIэтри, зэхуэсышхуэ ящIауэ щытащ, къэралым къарита хуитыныгъэр къагъэсэбэпыну. Авторым зэIущIэр къретхэкIыж, и тхыгъэм икIэм адыгэ бзылъхугъэхэри къыхуреджэ щIэныгъэм зыхуашиину.

ЛъэпкъыбзэкIэ къыдэкIа япэ номерым и е 2-нэ напэкIуэцIыр зэхуещIыж Елбыргъэн лъэмыж тралъхьэну областым и исполкомым ахъшэ къызэриутIыпщам, пхъэзэгуэх Iэмэпсымэхэри къызэрыхурагъэшам теухуа тхыгъэ кIэщIымкIэ...

Мис, апхуэдэу гъуэгу кIыхь техьащ цIыхухэм фIыуэ ялъэгъуа лъэпкъ газетыр. Ди бзэкIэ узэреджэфыр, узэрытхэфыр, къэралым щекIуэкI Iуэхум зыщыбгъэгъуэзэну Iэмал къызэрыуитыр абы наIуэ ящищIащ цIыхухэм.

Апхуэдэ къежьапIэ зыгъуэта Iуэхушхуэр адэкIи зыгъэкIуэтэн мымащIэу къыхэкIащ лъэпкъым. Зи нэ къэплъагъащIэ сабийм илъагъур зэрыфIэмащIэм хуэдэу, зи лъэ теувэ газетым къыхуеплъэкIхэм я бжыгъэм хэхъуэт. Абы и цIэр щызэблахъуа къэхъуами, зыхуэлажьэ, лъэпкъым хуищIэ Iуэхум зэи хэщIакъым.

ЕЗАУЭ Маринэ

ШОРЭ Ахьмэд

БгъэкIуэд мыхъунур...

(Къэхъуам тещIыхьа рассказ)

1

Мамыржан и гъащIэр нэхъ тынш хъуну, псэхупIэ игъуэтыжыну къилъытэт ипхъу Салимэ цIыкIу унагъуэ ихьэу, и щIалэ Сэлмэн нысэ цIыкIу къыхуишэу абыхэм егъэзыпIэ тэрэз ягъуэтауэ илъэгъуа нэужь. АтIэ, и щхьэгъусэр пасэу фIэкIуэдри, и бынитIыр я лъэ тригъэувэн папщIэ, хъунщ абы гугъуехьу зэпичар. Я лъэ тригъэува къудей, ищхьэ щIэныгъи яригъэгъуэтащ. «Уэ уи бынхэм уакIэрыщIауэ, псэхугъуэ уимыIэу уи гъащIэр бохь. ЗыхащIыкIыжыну пIэрэ абыхэм апхуэдизу яужь узэритар?» – къыжраIэ зэпытт хьэблэ фызхэм. Ауэ зым жиIи едэIуакъым, «сэ къыщыслъхуакIэ бынхэм яхуэсщIэну си пщэ илъыр яхуэсщIэн хуейщ» жиIэт мыхъумэ.

Мамыржан теIэбащ и бынитIым яхуэгъэзауэ игу илъа хъуэпсапIэм: Салимэ унагъуэ тэрэз игъуэтащ, и щIалэми, иджы, мис, нысэ цIыкIу къыхуишащ. Псом хуэмыдэу щыгуфIыкIащ нысэ иIэ зэрыхъуам. «Унагъуэ ихьа си хъыджэбз цIыкIум и пIэ иувэнщ а цIыкIур» – жиIэури и гур егъэфI. Апхуэдэу зэрыхъунуми ауи шэч къытрихьэкъым. Сыт, – жеIэр, – сипхъу дыдэм хуэдэу слъагъунщ. Сыт и лъэныкъуэкIи анэ дыдэ сыхуэхъунщ. Сыт дэ фIыуэ дызэрылъагъун, сыткIи дызэзэгъыу дыпсэун щIыхуэмейр?! Азалыхь, зыри пызмыубыдыну. Абыи сыздэIэн жиIэкъым...», – йогупсыс Мамыржан.

Япэрей махуэ, мазэхэми Мамыржан, псэщIэ къыхьэхьам хуэдэу, лъатэу унагъуэм щIэтт. Хьэблэ фызхэм щахэскIи и нысэм и хъыбар яхуиIуатэ зэпытт, насыпышхуэу ар ди унагъуэм къихьащ жиIэу. «Си щIалащхьэ гугъу сехьами, си жьыщхьэр махуэ хъуащи, сыт абы нэхъ насыпу щыIэ!» – гупсысэ IэфIхэм хэсыхьу гуфIэгъуэшхуэм хэтт ар. Ауэ, къыздикIари имыщIэу, Мамыржанрэ и нысэмрэ яку щIыIагъэ гуэр къыдэхуэ хъуащ. А щIыIагъэр, махуэ къэс жыпIэми хъуну, нэхъыбэ хъут мыхъумэ, Мамыржан зыгъэгуфIэн гуэркIи зихъуэжтэкъым. АтIэ феплъыт иджы къэхъум. И щIалэр лэжьапIэм кIуауэ езы тIур къыщызэхуэнэкIэ, нысэ цIыкIур зэрыщымытауэ нэгъуэщI мэхъу. И гуащэм сыт жиIэми, сыт ищIэми пилъхьэн къегъуэтри, и пэм ипсэлъыхьрэ жыпIэну, мэгъумэтIымэ зэпыт. Псэлъэгъу ищIу бгъэдэсыныи ауи хуейкъым. ЗыпыIуедз. Унагъуэми зы Iуэху гуэри гъэтIысауэ щищIэну щIэхъуэпскъым. Щыкъухэр итхьэщIынри зылъигъэскъым: «Плъагъукъэ, мы си Iэбжьанэхэм лак ящыхуащ. Псым сыхэIэбэ хъунукъым», – жиIэрэ и Iэбжьанэ лахэр и гуащэм ирегъэлъагъу. Сыт ищIэн Мамыржан. Псори ешэч. Апхуэдэу фIым щыгугъыу, «Бадзэ тезгъэтIысхьэнкъым» жыхуиIэу, и нысэм къызэрыпижыхьынум, и гур сыткIи зэрихъумэнум, ар нэхъ гъунэгъу зэрызыхуищIыным пылъми, а псоми Сарэ ауи гу лъимытэм хуэдэщ. Нысэмрэ езымрэ яку къихуэ щIыIагъэм, зэгурымыIуэныгъэм теухууэ и къуэми зыри жриIэну хуейкъым. «Гугъэр адэжь щIэинщ» зэрыжаIэщи, Мамыржан мэгугъэ зыхэт гукъеуэр мащIэ-мащIэурэ щхьэщыкIыну. ГъэщIэгъуэныр аракъэ: и щхьэгъусэр къыщыкIуэжкIэ Сарэ «мамэ», «мамэ» жиIэу и гуащэм къыпижыхь хуэдэу зещIри, зыгуэр и къуэм жриIэми, ар и фIэщ хъуну езыр?

Апхуэдэу гуауэу и нысэр къыщIыхущытыр къыгурыIуэтэкъым Мамыржан. Мор щIэ е мыр щIэ жиIэу зыри тримыкъузэмэ, зыгуэр мытэрэзу ищIэми зыри жримыIэмэ, сыткIи абы и гур зэрихъумэнум пылъмэ сыт къыпилъхьэнур? ИтIани, «Сыти жыIэ, а цIыкIур сабийщ, нэгъуэщI унагъуэ къикIри ди унагъуэм къихьащ. Псоми емыгупсысынкIэ, псоми гу лъимытэнкIэ мэхъу. Си гур зэрыхуэкъабзэ дыдэр къыгурыIуэнщ», – жиIэ мыхъумэ гуауагъэ гуэр хэлъу зы псалъи зэхригъэхкъым. Пэжщ ар: гу лъитэт а псоми Сарэ, ауэ фэ зытригъауэкъым. И гуащэр сыт хуэдэу гуапэу къыхущытми, абы ищIэ псоми Iей фIэкIа хилъэгъуэну хуейкъым. Хэт ищIэнт апхуэдэу щIыщытыр. Абы и щхьэусыгъуэр и гуащэми и щхьэгъусэми иджыкIэ ящеущэху Сарэ. А щхьэусыгъуэр, ахэр здэмыплъа, ахэр зыпэмыплъат – щхьэхуэ зищIыну и гум щигъафIэ мурадым зыхуигъэхьэзыру арат. Ар пылът, и гур зэщигъауэу, ныбжьыщIитIым щхьэхуэ защIыным и гуащэр езыр-езыру иригъэувэлIэным.

– Сыт, – жиIэт Сарэ и закъуэ хъуауэ и псэукIэ хъуам щегупсыскIэ, – жэщи махуи мы нэужьым сыбгъэдэсыну сыкъэкIуа? Япэрей зэманыжьыр щыIэжкъым нобэ. НыбжьыщIитIым унагъуэ ящIамэ, хуиту зэрылъагъуфу, я ахъшэр я жып илъыжу, я унагъуэ Iуэхухэр езыхэм ящIэжу псэун хуейщ. Сэри аращ си плъапIэу щытари, аращ ноби щытыр. Уи жагъуэ зэрыхъунщи, ди нэхъыжьхэм я акъылыр абы хунэскъыми аращ, нысэ къахыхьамэ, адыгэ унагъуэхэм хьэлэбэлыкъыр щIимыкIыр, икIи аращ, аращ зэпыкIыжхэри нэхъ мащIэ щIэмыхъур. Сэ сыхуейкъым а гугъуэ лъитэ ящIэмыхъуну... ИтIанэ, гъэщIэгъуэныр аракъэ, дауэ нысэхэр псэуфрэ я гуащэм папщIэ «мамэ» жаIэу? Си фIэщ хъукъым ар я гум, я псэм зынэзгъэсыну... ИтIанэ, гъэщIэгъуэныр аракъэ, дауэ нысэхэр псэуфрэ я гуащэм папщIэ «мамэ» жаIэу? Си фIэщ хъукъым ар я гум, я псэм къыбгъэдэкIыу жаIэу. Апхуэдэу зэращIыр фэрыщIыгъэм къыхэкI мыхъумэ, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ иIэфыну ауи къысщыхъукъым. «Мамэ» зыхужаIэр къэзылъхуа е зыпIа бзылъхугъэращ. Сэ сыкъилъхуа хьэмэрэ сипIауэ щыт Мамыржан, «мамэкIэ» седжэну?..

А псори гукIэ зэригъэзахуэти, ауи гу лъитэт а псоми Сарэ, ауэ фэ зытригъауэкъым. И гуащэр сыт хуэдэу гуапэу къыхущытми, абы ищIэ псоми Iей фIэкIа хилъэгъуэну хуейкъым. Хэт ищIэнт апхуэдэу щIыщытыр. Абы и щхьэусыгъуэр и гуащэми и щхьэгъусэми иджыкIэ ящеущэху Сарэ. А щхьэусыгъуэр, ахэр здэмыплъа, ахэр зыпэмыплъат – щхьэхуэ зищIыну и гум щигъафIэ мурадым зыхуигъэхьэзыру арат. Ар пылът, и гур зэщигъауэу, ныбжьыщIитIым щхьэхуэ защIыным и гуащэр езыр-езыру иригъэувэлIэным.

– Сыт, – жиIэт Сарэ и закъуэ хъуауэ и псэукIэ хъуам щегупсыскIэ, – жэщи махуи мы нэужьым сыбгъэдэсыну сыкъэкIуа? Япэрей зэманыжьыр щыIэжкъым нобэ. НыбжьыщIитIым унагъуэ ящIамэ, хуиту зэрылъагъуфу, я ахъшэр я жып илъыжу, я унагъуэ Iуэхухэр езыхэм ящIэжу псэун хуейщ. Сэри аращ си плъапIэу щытари, аращ ноби щытыр. Уи жагъуэ зэрыхъунщи, ди нэхъыжьхэм я акъылыр абы хунэскъыми аращ, нысэ къахыхьамэ, адыгэ унагъуэхэм хьэлэбэлыкъыр щIимыкIыр, икIи аращ, аращ зэпыкIыжхэри нэхъ мащIэ щIэмыхъур. Сэ сыхуейкъым а гугъуэ лъитэ ящIэмыхъуну... Абыхэм нэхърэ дэ дынэхъыфI, хьэмэрэ дынэхъыкIэ? – жиIащ щIэупщIэж щIыкIэу Сарэ.

– Сэ зыми зезгъэщхьыну сыхуейкъым. Хэти зэрыфIэфIу мэпсэу... Ахэр дэ дызэрыт щытыкIэм хуэдэм ихуауэ къыщIэкIынкъым...

– Сыт хуэдэ щытыкIэ дэ дызэрыхуар? Алыхь къызгурымыIуэж иджы зыри.

– Дэ щхьэхуэ зытщIмэ къонэкъэ ди анэр и закъуэу... Сыт, уигу хигъэщIрэ си анэм?

– Арат иджы къысхуэнэжар уи анэм сигу хигъэщIыну... ЖытIэ пэтми жытIэн дгъуэтынущ. Ауэ сэ жысIэнур жысIащ. Щхьэхуэ зытщIу домыгъэпсэунумэ... СызэрыцIыкIу лъандэрэ сызыщIэхъуэпсар иджы си гум схуигъэхужынукъым. Зи гугъу тщIа Iуэхум фIыуэ уегупсысыну сыхуейт.

Абдеж и щхьэгъусэм жиIам пидзыжын имыгъуэту ину хэщэтыкIащ Сэлмэн. Зыр адрейм иужь итуи и нэгу къыщIыхьэжащ зыхуэныкъуэншэу бынхэр ипIын папщIэ зы псэхугъуи щIауэ мэпсэу... Абыхэм нэхърэ дэ дынэхъыфI, хьэмэрэ дынэхъыкIэ? – жиIащ щIэупщIэж щIыкIэу Сарэ.

– Сэ зыми зезгъэщхьыну сыхуейкъым. Хэти зэрыфIэфIу мэпсэу... Ахэр дэ дызэрыт щытыкIэм хуэдэм ихуауэ къыщIэкIынкъым...

– Сыт хуэдэ щытыкIэ дэ дызэрыхуар? Алыхь къызгурымыIуэж иджы зыри.

– Дэ щхьэхуэ зытщIмэ къонэкъэ ди анэр и закъуэу... Сыт, уигу хигъэщIрэ си анэм?

– Зыгуэр пыдзэжыгъуейщ а жыпIам. ЗанщIэуи жэуап етыгъуейщ абы. Апхуэдэ гупсысэм ущIыхуэкIуар къызгурыIуэкъым. Я анэ-адэхэр къагъанэу зыгуэрхэр щIэIэжамэ, абы къикIкъым адыгэхэм ди нэхъыжьхэр дымылъытэу къекIуэкIауэ, ахэр Iэпыдзлъэпыдз тщIын хуейуэ. Ар адыгэ хабзэм ауи екIукъым. Сыт, мащIэ нысэмрэ гуащэмрэ зэзэгъыу здэпсэу унагъуэхэр? Дэри... Уэри сэри адыгэ унагъуэ дыкъыщыхъуащ...

– Сэри си анэр къэзгъэнащ...

Сэлмэн пылъащ и щхьэгъусэм псалъэ щигъуэтыну, гугъу ехьу зыпIа и анэр апхуэдэу дэIэпыкъуэгъуншэу къэбгъанэ зэрымыхъунур зы мащIэ нэхъ мыхъуми, зыгуэркIэ гуригъэIуэну. Ауэ а псалъэмакъыр адэкIи ирагъэкIуэкIмэ, псалъэ зэщамыгъуэтыжынкIэ хъуну къилъытащ, щхьэхуэ зиимыIэу и анэр зэрыпсэуар, унагъуэ Iуэхури лэжьапIэри зэдихьу гугъуехь куэдым зэрыпхыкIар. Щхьэгъусэ игъуэтыжынми зэрыпымылъар. Иджы тIэкIу зызгъэпсэхункъэ, си бын и хъер слъагъункъэ щыжиIэм...

– Сыт, зыри жыпIэжкъыми? – Сарэ зэпиудащ Сэлмэн зыхэкIухьа гупсысэхэр.

Дохъуэхъу

ИУАН Эммэрэ АРГУН Артуррэ

къыщалъхуа МахуэмкIэ!



Хъуэхъур фхуагъэшу, зэманым фыхуэмыгъэшу, хъыбарыфIхэр фхузэблахыу, фи щыIэкIэм щапхъэ трахыу, жьантIэр фи тIысыпIэу, фи щIэблэр къыфкIэлъыщыпэу, фи ныбжьэгъухэр къыфхуэщыпкъэу, фи узыншагъэр щызу, къежэхыр фи насыпу, влэжьымкIэ фыгуашэу, фIыгъуэу щыIэм фыхэмыкIыу Тхьэм фытхуигъэпсэу!

ИУАН Норий и унагъуэр

Щыгъуэм пэджэжу

ПщIэ зыхуэтщIу, «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэ!

Ди лъэпкъыр зэрыин, зэрыгушхуэ ди щIалэ Хутэ Михаил Исмэхьил и къуэр дунейм зэрехыжам хуэгъэза щыгъуэр илъэсыщIэм и япэрей къыдэкIыгъуэм къызэрытевдзам папщIэ фIыщIэшхуэ фхудощI!

Дунейпсо Адыгэ Хасэми, ди республикэ Адыгэ Хасэми, газетым и лэжьакIуэхэми къабгъэдэкIа щыгъуэ тхыгъэм деж Михаил псалъэ гуапэ куэд щыхужаIащ. ДэркIэ — къыдалъхуахэмкIэ, и унагъуэмкIэ, и IыхьлыхэмкIэ, шэчыншэу, ар гуапэщ, ди хэщIыныгъэшхуэр къызэрыддэфIыгъым и щыхьэт лъапIэщ.

Дунейм тетыхункIэ къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым хуэпэжа Михаил и хэщIэныгъэ хьэлъэр адыгэу дунейм тетым зэрызыхащIам, къызэрыддэщыгъуам хуабжьу дигъэлъэпIащ, ди къуэфIым и фэеплъыр иIэтащ.

Хъыбар гуауэр газетым къизыджыкIа, иужькIэ зэхэзыха куэд нобэр къыздэсым къыдокIуалIэ, къопсалъэ, ди хэщIыныгъэр къыддагуэш. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми къыхагъэщ Михаил и гуащIэр лъэпкъым зэрыщымыгъупщэнур, и фэеплъыр зэрымыкIуэдыжынур.

Ди гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ псалъэкIэ захуэдгъэзэну дыхуейт ди гуауэр гущIыхьэ зыщыхъуа дэтхэнэми. Михаил псэухукIэ лъэпкъым хуиIэ фIылъагъуныгъэр и гум щигъэфIащ, къаруушагъэ зыми иригъэлъэгъуакъым.

Михаил и лъэпкъыпсэм къыпэкIуэжащ зэрыадыгэу абы зэрыхуэщыгъуар, ар дунейм зэрехыжар лъэпкъым и хэщIыныгъэшхуэу зэралъытар.

Тхьэм фи псапэр куэду къывитыж!

Хутэхэ я лъэпкъым къыбгъэдэкIыу

ПсапащIэ пшыхь

Къэрал мыхьэнэ иIэу

ИлъэсыщIэ таурыхъхэм ещхь зы пшыхь дахэ дыгъэгъазэм икIэм щекIуэкIащ Москва и хьэщIэщым.

Жылагъуэ, къэрал лэжьакIуэ, псапащIэ, «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и II, III нагъыщэхэр зыхуагъэфэща, Адыгэ Республикэм и Президенту щыта Щэумэн Хьэзрэт Мэжид и къуэм къызэригъэпэщри, Дунейпсо кремль псапащIэ кадет балыр таурыхъым хуэдэу ирагъэкIуэкIащ.

2016 гъэ лъандэрэ а пшыхьым текIуадэ псори и мылъкум къыхихыу къызэрегъэпэщ Щэумэным. Мызыгъуэгум абы хэтащ къэралипщIым къикIа ныбжьыщIэ мин 1,5-рэ.

— ГъащIэм щынэхъыщхьэ дыдэр гуапагъэращ. ЦIыхухэм гу къабзэкIэ фабгъэдэт, пщIэ яхуэфщI, — жиIащ Щэумэным пшыхьыр къыщызэIуихым. — Ныбжьэгъугъэр псом япэ ивгъэщ. Абы лъабжьэ хуэхъур лъэпкъ зэгурыIуэныгъэращ, насып щIэкъунращ, мамырыгъэ къызэгъэпэщынращ, зэIуэзэпэщыныгъэм хуэпэбгъэнращ. Си гугъэщ а псори япэ ивгъэщу фыпсэуну.

Нобэрей пшыхьым гъунапкъэ иIэкъым, гъащIэм и бжэ псори фхузэIухащи, фызэрыцIыхуну, зэкъуэтыныгъэм и IэфIыр зыхэфщIэну, зы бынунагъуэшхуэм хуэдэу фызэхэтыну сыхуейщ. Урысей къэралыгъуэм и зыужьыныгъэр дяпэкIэ зэлъытауэ щытынур, иджыри къэс зригъэхъулIахэр зыгъэбэгъуэфынур фэращ. Фэращ Урысейм лъапIэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу иIэр.

Урысейм и щIыналъэ 84-м къикIа щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зыщыщ хэгъуэгухэмрэ зыщеджэ еджапIэхэмрэ жаIэурэ зэрыцIыхуащ. Ахэр кадет IуэхущIапIэ, суворовскэ, нахимовскэ училищэхэм, кадет класс зыхэт курыт еджапIэхэм, хэкупсэ, дзэ-спорт щIалэгъуалэ клубхэм, сабий социальнэ IуэхущIапIэхэм, къызэрыгуэкI курыт еджапIэ 427-м щIэс ныбжьыщIэхэт.

Адрейхэр къикIат Белоруссием, Боливием, Замбием, Катарым, Къыргъызым, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм, Сирием, Сьерра-Леоне, Узбекистаным, Шри-Ланкэ. ПщIэ хуащIу балым кърагъэблэгъат дзэ IуэхуI хэхам хэтхэр, Урысеймрэ Совет Союзымрэ я ЛIыхъужьхэр, ди ныбжьэгъу къэралхэм я лIыкIуэхэр. ХьэщIэхэм Щэумэным и гъусэу яхэсащ КъБР-м, КъЧР-м, АР-м я цIыхубэ тхакIуэ, Урысейм ГуащIэдэкIымкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ.

Иджырей гуфIэгъуэ зэхыхьэм Щэумэным иригъэблагъэри хэтащ «Мейкъуапэ пшэплъхэр» къафэмкIэ сабий ансамблыр. Адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа щIалэ къуданхэмрэ пщащэ зэкIужхэмрэ ягъэдэхащ зэхыхьэр, куэдми яфIэтелъыджэу сурэтхэр зытрагъэхащ адыгэ фащэ зыщыгъ ныбжьыщIэхэм я гъусэу. Апхуэдэу щIалэгъуалэр вальс къызыдэфа адыгэ уэрэд дахэ жиIащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Апэнэс Астемыр.

Балым и мыхьэнэм и инагъыр къигъэлъагъуэт УФ-м и Президент Путин Владимир къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэ зэрахуригъэхьам. «Гъэ къэс екIуэкI мыпхуэдэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр къалащхьэми къэрал псоми я жылагъуэ гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыд Iуэху хъуащ», — щыжеIэ Президентым зэрызакъыхуигъаззм. Абы къызэрыхэщамкIэ, балыр кадет зэкъуэшыныгъэм епха хабзэ дахэхэр зыхъумэщ, щIалэгъуалэр нэхъ зэгъунэгъу зэхуэзыщIащ, хэкупсагъэ лъапIэныгъэхэр зыгъэбыдэщ. Ахэращ ди къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм лъабжьэ яхуэхъур.

«Дунейпсо кремль псапащIэ кадет бал» Iуэхум и унафэщI Кирпичниковэ Юлэ зэрыжиIамкIэ, абы къыщыунэхуну зэныбжьэгъугъэм лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ я лъабжьэу щытынущ, дуней псом щагъэлъапIэ цIыхугъэр я гъуазэу екIуэкIынущ. Бзылъхугъэм къызэрыхигъэщамкIэ, пшыхьыр дзэ Iуэху хэхар зэрыдаIыгъ зы Iэмалу ягъэпсащ. «Къедгъэблэгъа ныбжьыщIэ куэдым я Iыхьлыхэр СВО-м щыIэщ, дэ дыхуейт ахэр дгъэгушхуэну», — жиIащ Кирпичниковэм.

Зэхыхьэм кърихьэлIахэми хьэщIэхэми фIэхъус псалъэ къыхурагъэхьащ федеральнэ Министерствэхэмрэ къулыкъущIапэхэмрэ я унафэщIхэм, къулыкъущIэхэм, къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэм.

Зи гугъу тщIы зэхыхьэ дахэр 2016 гъэ лъандэрэ Москва щокIуэкI. Ар къызэгъэпэщынымкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу УФ-м и Президентым и Администрацэр, Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ, ЗыхъумэжыныгъэмкIэ Министерствэхэр, нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэр, Урысейм щылажьэ Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ

Спорт

ЛъэкIыныгъэфIхэр

ЩIышылэм (январым) и 11-14 махуэхэм 2008 -2009 гъэхэм къалъхуа боксер ныбжьыщIэхэр щIэбэнащ Къэрэшей-Черкес Республикэм боксымкIэ пашагъэр къыщыхьыным.

ГъэсакIуэхэу КIытIэ Мухьэмэдрэ Дэмэлей Беслъэнрэ я нэIэм щIэту ерыщу а спорт лIэужьыгъуэм зыхуэзыгъасэ боксер ныбжьыщIэхэр хуабжьу IэпщIэлъапщIэу утыку итащ мы зэхьэзэхуэм деж. Уеблэмэ, япэ увыпIэр спортсменищым: МыкIытIэ Азэмэт, КIытIэ Эмир, Сидакъ Елдар сымэ къалъэщащ:.

ЩIалэхэм зыIэрагъыхьа текIуэныгъэм абыхэм лъэкIыныгъэ къаритащ СКФО-м пашагъэр къыщыхьыным хуэгъэза зэпеуэм зыкъыщагъэлъэгъуэну.

Тхьэм я насып тригъакIуэ!

АБИДОКЪУЭ Л.

Iуэрыlуатэ

Къэтей и къуэ

Пщым и зэманым Къэсейхьэблэ (Къэрэшей-Черкесым и Хьэбэз къуажэр) дэсат Къэтей и къуэкIэ еджэу зы лIы бланэ, егъэлеяуэ къаруушхуэ хэлъу, зэхэзекIуи иIэу, ауэ зигъэнаIуэ дыдэу щымыту.

Абы мылъкушхуэ дыди иIэтэкъым, и бын зэрипIын, адрейхэм зэремыхъуэпсэн мыхъумэ. Ауэ и шыфэлIыфэмрэ и зэфIэкIымрэкIэ цIэрыIуэ хъуати, къуажэпщ Къэсей и къуэм чэнджэщэгъу ищIхэм, пщIэ лей зыхуищIхэм ящыщт...

Махуэ гуэрым жылэм хъыбар мыщхьэпэ къаIэрохьэ, Къэбэрдейкъ къикIа дыгъуакIуэ гупым Къазмэкъ щыIэу щIыгу зыгъэлажьэ, Къэсейхьэблэ щыщ мэкъумэшыщIэхэм я выпэжь тIэкIухэр трахри, кърахужьауэ къахуу. Вэгъуэ зэмант. Ар щызэхихым, Къэсей и къуэ жылэпщым мурад ещI дыгъуакIуэхэм ерыскъы япригъажьэу, абыкIэ къигъэхэшэну.

Гуэл шыугъэхэм я Iуфэм (иджы псы хъумапIэшхуэр здитым деж), шатыр щрегъэухуэ, ерыскъы ярегъэгъэхьэзырри, самовари зэщIрегъэгъанэ. Пщым и гугъэр Къэтей и къуэм щызэхихым, къакIуэри абы къыжриIат вакIуэу губгъуэм ит лэжьакIуэжьхэм я гъатхэ вы уэдыжьхэр къатезыхын зи напэ къезыгъэкIуахэм ерыскъыми къызэрыпамыгъэзэнур. Ауэ Къэсей и къуэм и фIэщ хъуатэкъым КъурIэным нэхърэ нэхъ ягъэлъапIэ ерыскъым и хьэтырым ебэкъуэфын щыIэу.

Апхуэдэу къыфIэщIами, пщыр къэпцIауэ къыщIокI. Выхэр зыху дыгъуакIуэхэр, уеблэмэ, пщым къызэрыригъэблагъэ ерыскъым къыхуемыплъэкIыу, и фIэхъусми жэуап къудей къыпамыдзыжу блэкIахэт, къызэтемыувыIэу. Мы Iуэхур абыкIэ зэриухынур зыщIэххэ Къэтей и къуэри къэкIуауэ абдеж щытти, пщым къехъулIар щилъагъукIэ бгъэдохьэри:

— Къэсей и къуэ, си бохъшэр мыIувми, си щхьэм зыгуэр егъэв. Уэ уи Iэмалым уеплъагъэххэщ, иджы абыхэм нэхъ яхэзагъэ Iэмалыр сэ сощIэри, ар къэзгъэсэбэпыну хуит сыкъэщI! — жреIэр.

— Узахуэ дыдэу къыщIэкIащ, Къэтей и къуэ! Ерыскъым и пщIэм ебэкъуам адэкIэ сыт еппэсми хъунущ! Узыхуей дыдэр ещIэ, ауэ укIыгъэрэ лъырэ Iуэхум къыхыумыгъэхьэ. Сыт хуэдизкIэ мыгъуамэми, ахэри цIыхущ, адыгэщ, къэзылъхуарэ я бынрэ къаполъэ, я пщIэнтIэпскIэ псэужу ямыгъэсэфами. Зэ фIыуэ «хьэгунацэ» IугъэщIамэ, зи щхьэ акъыл къихьэжын къахэкIынкIи къэнэнкъым. «Гъатхэ выжь щхьэкIэ ди щIалэхэр къаукIащ! — къытхужумыгъэIэ закъуэ. Iэщэ къыумыхми, уэ абыхэм я акъыл къызэрыбгъэушыфын къару Тхьэм къыуитауэ уиIэщ. Мис абыкIэ узыхуейр ящIэ! — жеIэри, Къэсей и къуэм хуит къещI.

Выхэр зыхухэр шуми, яхур выти, абыхэм я псынщIагърат гупыр зэрыкIуэфыр. Абы къыхэкIыу, Къэтей и къуэмрэ пщымрэ зэпсэлъэху дыгъуакIуэхэр жыжьэ IукIыфатэкъым.

Къэтей и къуэр гупым ялъэщIохьэри, щIэупщIэурэ я гупзешэр зрегъэлъагъу. И сэмэгурабгъумкIэ къыбгъэдохутэри, фIэхъус зэрахын хуэдэу я Iэхэр щызэхуашийкIэ, Къэтей и къуэр дыгъу пашэм и Iэм блоIэбыкIри, и Iэ бэлагъышхуэр лIым и дзажэ кIапэм щIеукIэ, гъуахъуэрэ кIэнтIрауэу и шыплIэм къыделъхьэ, къегъэкIэрэхъуэжри, мыгузавэурэ пщым и шатырым къыхуеунэтIыж. Адрей и гъусэ ипхъыхьауэ, выхэм къеуэхэм ар щалъагъум, «дэри къытлъымысащэрэт!» — жыхуаIэу, щхьэж иш зэрихькIэ, щхьэхь-псэхьу, щIопхъуэж.

Къэтей и къуэм лIыр къехьри, къэпыжь гуэр хуэдэ пщым и пащхьэ къредзэ. Зи дзажэналъэ гуэрхэм фэбжь ягъуэта лIым ерагъыу зыкъеIэтри, ар къезыщIа щIалэм нэхъу-нэхъуу къоплъ.

— Мы зи пащхьэм фызым хуэдэу уилъа ди къуажэпщым и хьэтыркIэ, мы зы далэм уи щхьэр фIэзмыIуэнтIыкIыу укъызогъанэ. ДяпэкIэ, е уэ, е а уи хьэIуцыдзым ящыщ ди хэгъуэгум фыкъихьауэ фыкъыспэщIэхуэмэ, «фэ вгъэзэжынщ!» — жысIэу, си Iэр си пащIэм нэс дэсхьейуэ сетIэхъункъым.

Пщым и дежкIэ зегъаззэри:

— Си пщэ къиплъхьауэ щытар згъэзэщIащ, Къэсей и къуэ, укIыгъэ сщIакъым, лъы къизгъэкIакъым. КIуэ, мы узым выщIэм хуэдэу игъэгъуэхъуам и дзажэ щIагъым и кIуэцIкIэ щыхъар сэ сщIэрэ, и гущIыIукIэ дагъуэ иIэкъым. Иджы уэ епщIэнум ухуитщ! — жеIэри, Къэтей и къуэр мэшэсыж выхэр къызэщIикъуэжыну.

Къэсей и къуэм дыгъуакIуэ пашэм щыхьэт тхьэрыIуэ ирегъэщI дяпэкIэ, хьэщIапIэ Iуэху къинэмыщIауэ, хэгъуэгум къимыхьэну. Выхэр къэзыугъуеижа Къэтей и къуэри абыкIэ арэзы мэхъури, лIыр жа Къэтей и къуэри абыкIэ арэзы мэхъури, лIыр яутIыпщыж. Выхэм къакIэлъыкIуа шухэм ахэр яхуж я лэжьапIэм...

Тхьэмахуэ гуэри текIыжауэ пщым Къэтей и къуэм джакIуэ къыхуещI:

— Къуажэм хуэблэжьам папщIэ фIыщIэ пхуэсщIынущи, къакIуэ! – жиIэу.

— «Къэсейхьэблэм я выпэжь зырыз къахуэсхужащ!» — жысIэу, дауэрэ уи пащхьэ сиувэн, а Iуэху мыхьэнэншэм щхьэкIэ? – жиIэри, Къэтей и къуэм кIуэн идатэкъым.

Абы иужькIэ къуажэпщым а щIалэм пщIэуэ хуищIым нэхъри хэхъумэ, пщым и унагъуэ Iуэхукъ и гугъу къимыщIу, и хьэщIэ къегъэблагъэу, и хьэщIэщ щIэсу игъэпсэуащ, къуажэ Iуэху гузэвэгъуэ къэхъумэ, нэхъ и Iэщэ иримыгъэIэбу...

(ЖызыIэжар хьэбэздэс ДыщэкI Нарыч и къуэ Билалщ, 1970 гъэ).

Зытхыжар ШЭРДЖЭС Алийщ

ФщIэуэ пIэрэ?

Махуэ лейр къагупсыса?

2024 гъэр, зэрытщIэщи, «високосныщ» (латин псалъэщ, «къытрагъэзэж еханэ махуэ» жыхуиIэщ). Сыт, атIэ, къызыхэкIар илъэсищ къэс еплIанэр «високосныу» ялъытэныр, абы и махуэ бжыгъэри адрейхэм нэхърэ зыкIэ нэхъыбэныр? А упщIэхэм жэуап еттын ипэ къихуэу, махуэгъэпсым и тхыдэм дриплъэнщ.

Пасэрей урымхэм яIащ щIыхуэ щатыжын хуей пIалъэр зратхэу щыта тхылъ щхьэхуэ. Абы щыгъэбелджылат къатенар щызытрагъэкIыж мазэхэм я пэщIэдзэ махуэхэр — «календхэр». Мы псалъэмкIэ иужьым еджэ хъуащ пIалъэ зэхуэдэхэм тету вагъуэхэм зэрызагъазэм, Дыгъэмрэ Мазэмрэ къызэрыкъуэкI-зэрыкъухьэжым, нэгъуэщI абы хуэдэ Iуэхугъуэхэу уафэми щIылъэми къыщекIуэкIхэм трагъэпсыхьа къебжэкIыкIэхэм.

Тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, илъэс мин куэдым и кIыхьагъкIэ цIыхухэм махуэгъэпс (календарь) куэд къагупсысащ. Абыхэм я зэхэгъэувэкIэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, елъытат лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яIа псэукIэмрэ я зыужьыкIэр зыхуэдамрэ.

Хьэршым къытезыгъэзэжурэ къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэм е дызытес щIыгум и щIыуэпсым, мардэ гуэрым тету, пIалъэкIэрэ къыщыунэху къэхъукъащIэхэм: жэщымрэ махуэмрэ я зэблэхъукIэм, мазэм и зыкъэгъэлъэгъуэкIэм, гъэм и зэблэхъукIэм, нэгъуэщI абы хуэдэхэми хуэгъэпса календархэр зэхалъхьащ «тропик илъэс», «синодическэ мазэ зэхуаку», «дыгъэм и жэщ-махуэ лъэхъэнэ» зыфIаща пIалъэхэм тету.

Дызэрыщыгъуазэщи, дыгъэм пщэдджыжькIэрэ и къыкъуэкIыгъуитIым я зэхуаку, ику иту, дэлъыр сыхьэт 24-рэщ. Мыдрейуэ, щIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, мазэм и теплъэм къыщытригъэзэж и пIалъэр, «синодик мазэ зэхуакукIэ» зэджэр, зэрекIуэкIыр жэщ-махуэ 29-рэ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 44-рэ секунди 3-рэщ. Гъэрэ щIырэ щызэхэкI пIалъитIыр, «тропик илъэскIэ» зэджэр, зэрызэпэIэщIэр суткэ 365-рэ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 48-рэ секунд 46-рэщ. Гу зылъытапхъэр аращи, япэхэм щыIа махуэгъэпс лIэужьыгъуэ куэдми хуэдэу, нобэрейхэми а Iуэхугъуищыр я лъабжьэщ.

«Мазэ» махуэгъэпс

Муслъымэн диным къигъэув пщалъэхэр зи тегъэщIапIэу Азием, Африкэм щыIэ къэралхэм Мазэм и «зыхъуэжькIэм» тегъэпсыхьа

махуэгъэпсщ щызекIуэр. Ауэ, къыхэдгъэщынщи, ЩIы Хъурейм щыпсэухэм я нэхъыбапIэм къагъэсэбэпри нэхъ яфIэтыншри «григориан» жыхуаIэ, Дыгъэм и къекIуэкIыкIэм къытращIыкIаращ. КъуэкIыпIэ Жыжьэм щыIэ къэралхэми аращ щызекIуэр.

«Мазэ махуэгъэпсыр» Iыхьэ пщыкIутIу, жэщ-махуэ 29-рэ, 31-рэ хъу мазэхэр щызэкIэлъыкIуэу зэхэтщ. «Мазэ» илъэсыр жэщ-махуэ 354-рэщ зэрыхъур, ауэ абыи къыщалъытэ и закъуэу къыхагъэщхьэхукIа, жэщ-махуэ 355-рэ хъу «високосныр». «Мазэ» илъэсыр «дыгъэ» илъэсым нэхърэ жэщ-махуэ 11-кIэ зэрынэхъ кIэщIым къыхэкIыу, абы и пэщIэдзэр гъэ къэс мэIэпхъуэ икIи «дыгъэ» илъэсым и дэтхэнэ мазэми хуэзэнкIэ хъунущ. Тхыдэм къыщыгъэлъэгъуэжахэм ятетщIыхьмэ, «мазэ» махуэгъэпсым муслъымэнхэм къыдэбжэн щыщIадзар 622-рэ гъэм бадзэуэгъуэм и 16-ращ.

«Дыгъэ» махуэгъэпсым и тхыдэ

Иджырей «дыгъэ» махуэгъэпсыр къыщежьар пасэрей Урымращ. Ар ди эрэм и пэкIэ 45 гъэм щIышылэм и 1-м Цезарь Юлий иригъэкIуэкIа зэхъуэкIыныгъэхэм къарикIуащ.

«Юлиан» календарым и илъэсыр жэщ-махуэ 365-рэ сыхьэти 6-рэ мэхъу. Ар къэзыщтахэр зэрызэгурыIуам тету, япэ илъэси 3-м и кIыхьагъыу ягъэувар махуэ 365-рэщ. Абыхэм къадэхуа сыхьэт бжыгъэхэр зэхалъхьэжри, зы махуэ псо нэблагъэ ирикъуати, ар еплIанэ илъэсым хагъэувэжащ.

Абдежым къыщыщIэдзауэ, «юлиан» махуэгъэпсымкIэ зи бжыгъэр 4-м хуэбгуэш хъу дэтхэнэ илъэсри «високосныщ». Абы щыгъуэ мазэ 12-м я цIэхэр зэрыщытауэ къагъэнэжат. АрщхьэкIэ, ди эрэм и пэкIэ 44 гъэм, квинтилис (етхуанэ) мазэм зэреджэу щытар, Цезарь Юлий и цIэкIэ, иджырейм темыхуэми, «июль» жаIэу зэрахъуэкIащ. Абы и щапхъэм ирикIуащ император Августи. Ди эрэр къэунэхуным илъэси 8 фIэкIа имыIэжу, абы мазаем аргуэру зы махуэ къыхихри, секстилис мазэм хилъхьащ, езым и цIэри фIищыжащ.

Ауэ а махуэгъэпсри къызыхуэтыншэтэкъым. АбыкIэ хъабж илъэсыр «тропическэм» нэхърэ дакъикъэ 11-рэ секунд 14-кIэ нэхъыбэт. Аращ къызыхэкIауэ щытар илъэси 128-рэ къэс зы жэщ-махуэ псо къыдидзэныр. Ар ягъэзэкIуэжын папщIэ, урым папэ Григорий XIII и унафэкIэ 1582 гъэм щIэныгъэлIхэр «юлиан» календарым аргуэру зэ хэлэжьыхьыжащ.

Абы щыгъуэ зэгурыIуат илъэс 400 къэс махуи 3 календарым къыхадзыну. «Високосныщ» гъэхэм хагъэкIащ зи щэ бжыгъэхэр 4-м хуэбгуэш хъу, нолитIкIэ иух илъэсхэр. Псалъэм папщIэ, 1700, 1800, 1900 гъэхэр. А щIыкIэм тету зэрагъэзэхуэжа махуэгъэпсым «стильщIэм и календаркIэ» е «григорианкIэ» еджэ хъуащ.

А календарми щыщIэныгъэ зыбжанэ иIэщ: мазэхэм я махуэ бжыгъэхэмрэ тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэ махуэцIэхэмрэ я зэкIэлъыкIуэкIэр щызэтемыхуэр нэхъыбэщ. Къинэмыщ Iауэ, мазэхэм, мазищхэм, илъэс ныкъуэхэм я кIыхьагъри щызэхуэдэкъым. А щыщIэныгъэхэр гъэкIуэдыным хуэунэтIауэ щIэныгъэрылажьэхэм проект куэд къагупсысащ икIи зэхалъхьащ. Ауэ зэкIэ а Iуэхум къэрал псори хуэхьэзыру зэрыщымытым къыхэкIыу, абыхэм гъуэгу ираткъым.

Иджы дэ къэдгъэсэбэп «григориан» махуэгъэпсым и илъэсыр «тропическэ» гъэм нэхърэ зэрынэхъ кIыхьыр секунд 26-рэ къудейщ. Пэжщ, ари щыуагъэщ, ауэ абы зы жэщ-махуэ «щызэхуихьэсыфынур» илъэс 3280-м и кIыхьагъкIэщ.

Октябрь революцэ иным и ужькIэ, 1918 гъэм щIышылэм и 24-м РСФСР-м и ЦIыхубэ Комиссариатым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ, ди къэралым «григориан» махуэгъэпсыр къыщащтащ икIи бжыгъэр жэщ-махуэ 13-кIэ ягъэIэпхъуащ. А гъэ дыдэм щIышылэм и 31-м къыкIэлъыкIуа мазаем и 1-р и 14-нэу ягъэувауэ щытами, тхьэмахуэ зэхуакум хыхьэ махуэхэр зэрызэкIэлъыкIуэу къагъэнэжащ.

Махуэгъэпсыр егъэфIэкIуэным, щIэныгъэлIхэм я мызакъуэу, ООН-м экономикэмрэ социальнэ IуэхугъуэхэмкIэ и Советри йолэжь.

КЪУМАХУЭ Аслъэн

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору: ДЭБАГЪУЭ Хьэтыз, ТУАРШЫ Ирэ, БЕМЫРЗЭ Зураб, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2787-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикkIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарь, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием - 26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ